*mung wong nyêret, kang kécukupan, [10] kalemahan ana ing kasur yen wis mëndêm rasane kaya diyun bandul, ora ana kanikmatan ing dunya kaya wong nyêret, yen wis mëndêm rasaning ati kaya bisa nguntal jagad (kalintu nguntal kèbul) panêmuku mung anggêre aku bisa ngapusi biyung amaling bapa kang wis ora ana bisa tumiba ing anak kabeh, anake bapak mung loro aku, sijine wadon, iku prakara gampang, gampang apus-apusane, apa sakandhaku amêsthi diturut”.*

*Anak murang sarak sampun tapak magang cariyose dhatêng biyungipun. Sayêktosipun namung kloyongan kemawon, kêsêl mantuk nyêret, panganggenipun mompyor, dipun sukani pasangon satêngah sadintên, nanging tansah kirang, awit tadhahipun nyêret botên kenging kirang kalih têngah sadintên, sarehning ngamaling bapa biyung namung dipuntêdha nganggur wah dipun ulêri ing anak murang sarak, ingkang kathah dipun sêret, inggih enggal dhadhal.*

*Antawis satahun kalênggahaning bapa dipun gëntosi ing tiyang sanes,*

pas-pasan, yang paling bahagia itu hanya orang *nyeret*, tidur di kasur jika sudah mabuk rasanya seperti diayun-ayun, tidak ada kenikmatan di dunia seperti orang *nyeret*. Jika sudah mabuk rasanya hati seperti menelan dunia (keliru menelan asap), keinginanku hanya asal dapat membohongi ibuku. Kekayaan (harta benda) ayah yang sudah meninggal semuanya akan jatuh kepada anak. Anak ayahku hanya dua, yaitu aku dan adikku perempuan. Itu perkara gampang, mudah dibohongi, apa kataku pasti diturut”.

Anak nakal melapor kepada ibunya jika dia sudah magang. Sebetulnya hanya keluyuran saja. Capek pulang *nyeret*, pakaiannya gemerlapan, diberi uang saku setengah rupiah satu hari, tetapi selalu kurang, karena kebiasaan *nyeret* tidak bisa kurang dari satu setengah rupiah sehari. Oleh karena kekayaan ayah dan ibunya hanya dimakan tanpa bekerja (menggur) digero goti anak nakal, sebagian besar dipakai *nyeret*, sebentar saja habis.

Kurang lebih satu tahun jabatan ayahnya sudah ditempati orang



*biyungipun mirêng kêmlurusên lajêng ajal, anak murang sarak kapêjahan biyung botên prihatos [11] malah bingah, awit badhe kadugen kajêngipun, adhinipun taksih alit, botên sagéd mambêng kajêngipun. Amaling bapa biyung têlas dipun sêret, griyanipun lajêng kasade, botên dangu yatra papajênganing griya lajêng têlas, anak murang sarak kacêpêng anggenipun mandung, kaukum 4 tahun, pêjah wontên ing bucalan.*

### **3. Panekêt kaliyan balantik: nyêret**

*Md. A.: Panekêt (nuju nyêret ing salu pandhapa). I: “Kang bacut mawon, cêdhak kula ngriki”.*

*Blant. B.: (Blantik) “Inggih”*

*“Mang wau saka pundi?”*

*“Saking griya kemawon”.*

*“Napa êmpun oleh padikan jaran bêcik”.*

*“Sowan kula punika inggih badhe matur bab wêlingan sampeyan kapal, sampun angsal, nanging taksih kula damêl wados, ingkang gadhah cina ngêpakan tinem<sup>1</sup>, wulunipun jragêm taksih satunggal sisih, cirinipun*

lain. Ketika mendengar (berita itu) ibunya sedih berkelanjutan akhirnya meninggal. Anak nakal kehilangan ibunya tidak prihatin (11) malah senang, karena akan kesampaian apa yang diinginkan. Adiknya masih kecil tidak dapat menolak kehendaknya. Kekayaan ayah ibunya habis untuk *nyeret*, rumahnya lalu dijual, tak berapa lama uang hasil berjualan rumah juga habis, anak nakal tertangkap karena mencuri, dihukum 4 tahun dan mati di tempat tahanan.

### **3. Paneket dan blantik : nyeret**

Md. A. Paneket ( sedang *nyeret* di balai-balai pendapa). “Mas, langsung saja, dekat saya sini”.

Blant. B. (Blantik), “Baiklah”

“Anda tadi dari mana ?”

“Dari rumah saja”.

“Apa sudah mendapatkan pandangan kudayang baik”.

“Kedatangan saya juga mau melapor tentang pesanan anda yaitu kuda, sudah dapat, tetapi masih saya rahasiakan, yang memiliki seorang Cina dari *ngepakan* Jatinom, bulunya *jragêm* (merah

<sup>1</sup> Tinem, cekakanipun dhusun: Jatinem, ing Klaten

*satriya pi[12]nayungan, kula wastani suduk, botên sae, asring adamêl bilahinipun ingkang gadhah, mênawi wonten tiyang badhe tumbas, sae kasade kemawon.*

*“Mang nyêret dhisik, mangke mang tutugake malih”.*

*“Wah, cêmênganipun kandêl têmên Mas Nekêt, kados cukitan piyambak.*

*“Ênggih dhasar cukitan dhewe, samang mathuk napa botên, nek anu kula gawekake dhewe sing tipis”.*

*“Ayang, anggen kula mastani kandêl saking mathuk”.*

*“Barêng jarane mang kon ngêdol, Babahe priipun”.*

*“Waunipun malênggong dening sawêg rêmên-rêmênipun, tumpakanipun sêkeca sae lambe manahipun, gêla kula cacat cirinipun awon. Sawêg sageleng kula sampun kraos, kandêl sayêktos, Mas Nekêt”.*

*“Kula ênggih êmpun krasa, karo dene niku dede candu Ngêpakan, candu pêtêng oleh kula tuku saka kridheh têsih wujud apyun, kula kothok sathithik-sathithik, mulane*

kehitam-hitaman) pada satu sisi. Ciri-cirinya (pertandanya) *satriya pinayungan*, saya namakan “*suduk*” (tikam), tidak baik, sering menyengsarakan pemiliknya, jika ada orang yang hendak membeli sebaiknya dijual saja”.

“Silahkan *nyeret* dulu, nanti dilanjutkan kembali”.

“Wah, *cemengan* (candu hitam) tebal sekali Mas *Paneket*, seperti buatan sendiri.

“Iya memang buatan sendiri, anda cocok apa tidak, jika mau saya buat sendiri yang tipis”.

“Lah, saya mengatakan tebal itu karena cocok”.

“Begitu kudanya kau suruh menjual, Babahe bagaimana”.

“Semula tertegun karena sedang senang-senangnyanya, dinaiki terasa enak, sudah tahu perwatakannya, tetapi kecewa (karena) saya cela *katuranggan* (perwatakannya) tidak baik. Baru sepintas saya sudah merasa kalau benar-benar dipercaya, Mas *Paneket*.

“Saya juga sudah merasa. Apa lagi itu bukan candu darinn *Ngepakan*, candu gelap yang saya beli dari *kridheh* (sebuah agen gelap) masih berujud *apyun*, saya

*enak, wong liwêtan dhewe, mêngke mang tutugane malih, tunggale têsih okeh”.*

[13] *“Mas Nekêt punapa nêmpilakên, mangke kula nyuwun pangaos sarupiyah kemawon”.*

*“Gampang apyun pangaji sarupiyah, mang kênakake jarane dhisik”.*

*“Sampun kasêsa, cinanipun mênawi mirêng sampeyan ingkang badhe ngarsakakên tumbas, amêsthi mlangkring, sumêrêp manawi sampeyan sugih”.*

*“Kêrtajining jaran, wong dol tinuku rêga pintên”.*

*“Inkang sumêrêp dhatêng ciri sae: kalih atus botên dipun awis”.*

*“Êmpun ta, mang pêrlokake mrika sadhela, napa katrangane mangke bali”.*

*“Inggih, kula dhatêng Tinem sakêdhap. Amit Bah...”.*

*Md. K. cina pranakan: “Êngga mang lajêng mawon”.*

*“Ênggih”,*

*“Mang wau saking pundi: dene*

masak sedikit-sedikit, makanya enak, karena masakan sendiri. Nanti kau lanjutkan lagi, sisanya masih banyak”.

“Mas Paneket apa menjual eceran, saya beli seharga satu rupiah saja”.

“Gampang, *apyun* seharga satu rupiah. Kau jadikan dulu kudanya”.

“Jangan tergesa-gesa, jika cinanya mendengar bahwa anda yang akan membeli, pasti harganya dimahalkan karena tahu kalau anda kaya”.

“Harga kuda, orang jual-beli seharga berapa?”

“Yang mengetahui ciri-ciri kuda bagus harga duaratus tidak ditawar”.

“Sudahlah, kau pentingkan ke sana sebentar, bagaimana keterangannya, nanti kembli”.

“Baik, saya ke Jatinom sebentar. Permissi Bah...”

Md. K. Cina keturunan: “Silahkan kau langsung saja”.

“Ya”

“Engku tadi dari mana: kok

*siyang-siyang*".

*"Saking griya<sup>2</sup> mawon, enjing nyéret kriyin, nek êmpun kraos ênggih kloyang kloyong"*.

*"Pancene samang ajêng kula wêlingake, kalêrsan samang dhatêng piyambak"*.

[14] *"Mang wêlingake ontên damêle napa"*.

*"Anu, kapal kula sing mang wêstani ciri suduk, manah kula kok ragi samar, kula niki kêrêp têng Klaten numpak kapal pêrlu pasok pajêngan candu têng Ngêpakan, mêngke ontên mêrgi dibegal ing durjana, disuduk, katarik sêking cirining kapal suduk, niku sing kula kawekani"*.

*"Botên basa: nek, sasat kening dipêsthekake nêmu babaya, botêna disuduk, ênggih ditumbak tiyang, dados awis sing purun numbas, ewa dene jêmbar-jêmbaring jagad botên ontên barang sing botên pajêng disade, nanging inggih kêdah narimah tuna sawatawis"*.

*"Nek tuni kula botên suka, mung kula bukake mawon, panumbas kula rêsik 120 rupiyah, kawrat ontên sêrat*

*siang-siangan"*.

*"Dari rumah saja, pagi nyeret dulu, kalau sudah terasa ya keluyuran"*.

*"Sebenarnya engkau memang akan saya pesankan untuk datang kemari, kebetulan engkau datang sendiri"*.

*"Anda minta datang kemari ada keperluan apa?"*.

*"Anu, kuda saya yang anda katakan berciri "suduk", hati saya kokagak was-was. Saya ini sering pergi ke Klaten naik kuda untuk menyetorkan uang hasil penjualan candu ke Ngêpakan. Nanti di jalan dibegal penjahat, ditikam, terbawa oleh ciri-ciri kuda "suduk", itu yang saya jaga"*.

*"Tidak pasti begitu: kalau, ibarat yang bisa dipastikan, menemui bahaya, kalau tidak ditikam, bisa ditombak orang. Jadi jarang yang mau membeli. Namun, seluas-luasnya dunia tidak ada barang yang tidak laku dijual, tetapi juga harus menerima sedikit rugi"*.

*"Kalau rugi saya tidak mau, hanya saya buka saja, pembelian saya bersih 120 rupiah. Tertulis di*

---

<sup>2</sup> Dalam teks tertulis "gri"

*lulusan*".

*"Kula bêktane kapale saniki, nanging kédah disipêngake sadalu têng sing ajêng tumbas, ditandha gêdhog-watuke, nek botên ênggih siyos ditumbas"*.

*"Sing ajêng tumbas niku sintên"*.

*"Oêêê, niku wados bah, samang mung nyêrêpi jangkêpe yatra 120 rupiyah, kêjawi kalong ujuran têng kula"*.

[15] *"O, nek prakawis ujuran kula botên sagêd nyukani, sasat nama tuni, mang pados ujuran sêking ngrika"*.

*"Mangsa alama tiyang tumbas ditêdhani ujuran"*.

*"Ujurane yatra 120 rupiyah pintên. Ming 5 rupiyah, petangan sareyan suwang"*.

*"Ênggih: ta, gampil, nek sagêd pajêng buk sapanumbas kula 120 rupiyah"*.

*Kapal lajêng kabêkta blantik dhatêng griyanipun panekêt.*

*Md. N. "Panekêt, niku kang jarane sing mang alêm bêcik.*

*K. "Dhasar inggih punika Mas Nekêt, sampeyan cacat pada wadananipun, punapa awon, tumpakanipun kula aturi nyoba nitih,*

*surat persetujuan"*.

*"saya bawanya kudanya sekarang, tetapi harus diinapkan semalam di rumah orang yang akan membeli, agar dilihat gedhog watuke (perangai dan kesehatannya), jika tidak sakit ya jadi dibeli"*.

*"Yang mau membeli itu siapa"*.

*"O, itu rahasia Bah, anda hanya mengetahui genapnya uang 120 rupiah, kecuali berkurang komisi untuk saya"*.

*"O..kalau masalah komisi saya tidak bisa memberi, sama saja namanya rugi. Kamu mencari komisi dari sana"*.

*"Mana ada orang membeli dimintai komisi"*.

*"Komisi dari uang 120 rupiah itu berapa. Hanya 5 rupiah, hitungan sareyan suwang"*.

*"Baiklah, itu mudah, jika bisa laku sepertiharga pembelian saya, 120 rupiah"*.

*Kuda lalu dibawa oleh blantik ke rumah Pak Paneket.*

*Md. N. (Paneket): "Itu Kang, kuda yang kau puji bagus"*.

*K. : "Memang iya. Inilah Mas Paneket. Anda celalah wujudnya, apakah jelek. Kenyamanannya untuk dikendarai saya silahkan*

*punapa lunyu, manahipun sampeyan galedhahi, punapa kêndho, lambenipun karaosakên punapa awrat, mênawi atur kula mleset: kadukanana”.*

*“Ênggih, nanging mungguhing tunggangan kula kécilikên, ukurane kurang sadim.*

*“Lêrés, nanging mênawi sampun katitihan lajêng katingal birawa saking prigêling tandang sarta saening lambe manahipun”.*

[16] *“Nanging kêlarangên bangêt nek nganti rêga 200 rupiyah, wani-wani kula nyêngka mung karobêlah”.*

*(Sampun mênthêk manahing blantik, badhe angsal cilitan 30 rupiyah)*

*“Bok kagalih yêktos atur kula wau, kiranga saking ancêr-ancêr kula: sampun kathah-kathah”.*

*“Êmpun botên bisa mundhak panganyang kula saka karobêlah, kula niki êmpun kêpatuh dol-tinuku niku mung uni sapisan, kaya wong dol tinuku apyun”.*

*Kalampahan sade-tinumbasing kapal rampung, cina saweg sumêrêp yen ingkang tumbas kapal satrunipun bubuyutan,panekêt sêmokêl.*

coba menaiki, apakah licin, perwatakannya dapat anda pelajari, apakah lemah. Bibirnya dirasakan, apakah berat. Jika kataku tidak benar, silahkan dimarahi”.

“Iya. Akan tetapi sebagai kendaraan tunggangan saya terlalu kecil. Ukurannya kurang satu *dim*.”

“Betul, akan tetapi jika sudah dinaiki lalu kelihatan gagah karena lincahnya dalam bergerak serta bagusnya perwatakannya”.

“Akan tetapi terlalu mahal jika sampai seharga 200 rupiah, paling berani saya maksimal hanya 150 rupiah”.

(Sudah seneng hati *blantik*, akan mendapatkan untung 30 rupiah).

“Pikirkanlah dengan sungguh-sungguh perkataanku tadi. Kalaupun kurang dari harga ancar-ancarku, ya jangan terlalu banyak”.

“Sudah tidak bisa naik penawaran saya dari 150 rupiah, saya ini sudah biasa dalam berjual-beli hanya berucap sekali, seperti orang jual-beli *apyun*”.

Terlaksanalah, proses jual-beli kudapun selesai. Cina (pemilik kuda) baru mengetahui bahwa yang membeli kuda adalah musuh bebuyutannya, yakni Paneket *semokel*”.

*Cina amanah, prayogi ngipuk dhatêng blantik, supados supêkêt kaliyan panekêt, blantik lajêng dipun undang, sarêng dhatêng dipun wicantêni.*

*Sapunika Md. N. : “Samang kula undang niku kula jaluki tulung. Mangdadi cong sun gêlap ngêpakan tinom. Oleh cadhong tike sabên dina lan oleh blanja sabên sasi. Gawene mung ngisêp-isêp wong kang padha wani ngrusuhi têng Ngêpakan. Yen oleh gawe oleh ganjaran”.*

*Watêkipun tiyang nyêret janji dipunsukani melik, su[17]pe dhatêng tiyang ingkang sampun nyaeni, sanadyan dhatêng mitra darma inggih supe, ciptanipun, bêgja kêmayangan aku, dipilih dadi congsum, nyêret ana sing nadhahi, sabên sasi oleh blanja, tur kêna tak sambi nindakake blantik, saya ora kêtara ênggonku dadi congsum ora digêthingi ing wong”.*

*Wangsulnipun winalês, Md. N.:*

Cina berfikir, lebih baik menanamkan pada blantik, agar akrab dengan Paneket. Blantik lalu dipanggil. Begitu datang diberitahu.

Sekarang Md. N.: “Kamu saya undang itu akan saya mintai tolong. Kamu jadilah *congsum* (mata-mata) gelap di *ngepakan* (pengemasan) Jatinom. Mendapat jatah *tike* (bonus candu) setiap hari dan mendapat gaji setiap bulan. Pekerjaannya hanya memata-matai (mencari informasi) mengenai orang yang berani mengganggu di *Ngepakan*. Jika mendapatkan hasil (informasi) mendapat hadiah”.

Watak orang *nyeret* asal dijanjikan akan diberi sesuatu, lupa kepada orang yang sudah berbuat baik padanya. Walaupun dengan sahabat karib juga lupa. Angan-angannya, “Sungguh mujur diriku. Dipilih menjadi *congsum* (mata-mata). *Nyeret* ada yang menjatah. Setiap bulan mendapat gaji. Apa lagi pekerjaannya dapat dilakukan sambil melakukan perdagangan hewan (*blantik*), semakin tidak tampak dalam saya melakukan tugas sebagai *congsum* sehingga tidak dibenci orang”.

Jawabnya dibalas Md.N.: “Saya

“Kula ênggih gêlêm, nek oleh pikukuh kamot ing layang saka Ngêpakan gêdhe”.

K.: Kêlampahan bêlantik dados *congsun* pêtêng, angsal pikêkah saking Ngêpakan agêng, sabên dintên nyadhong tike satadhahipun sarta sampun nampeni balanja sawêg sawulan, dereng angsal damêl, manahipun risi piyambak, sumêlang manawi dipun pocot, ciptanipun. Mas nekêt bae tak gawene wadal, kae sêmokêl gêdhe, yen aku bisa oleh gawe sapisan bae: sing gêdhe, amêsthi bakal lêstari ênggonku dadi *congsun* mangan nganggur ing salawas-lawase”.

Lajêng dhatêng griyanipun panekêt, sarehning sampun têngang sae, botên dipunsigeni, lajêng sêretan wontên ing pandhapa, kathah-kathah rêmbagipun.

[18] (Blantik): “Anu Mas Nekêt, kula dhatêng nagari dipun boboti ing sadherek pados barang, kula wangsuli gagah, kula sagêd madosakên barang yen kathah sarta yen yatra kenging kula tampeni rumiyin, punika sampeyan punapa sagêd anggalih”.

juga mau, jika mendapatkan kekuatan yang termuat dalam surat dari *Ngepakan* besar”.

K.:Terlaksanalah *blantik* menjadi *congsun* gelap, mendapatkan kekuatan surat dari *Ngepakan* (pengemasan) besar. setiap hari mengambil jatah candu sesuai haknya serta sudah menerima gaji (upah) baru sebulan, belum mendapatkan hasil. Hatinya risi sendiri, takut jika dipecat. Angan-angannya: “Mas Paneket saja yang saya buat saja sebagai *wadal* (korban). Dia *semokel* (pedagang candu gelap) besar. Jika saya dapat berhasil sekali saja, yang besar, pasti akan selamat dalam pekerjaanku menjadi *congsun*, makan tanpa kerja selamanya”.

(Blantik) lalu datang ke rumah Paneket. Oleh karena sudah kenal baik, tidak dicurigai, langsung bersama-sama *nyeret* di pendhapa. Banyak hal yang dibicarakan.

(Blantik): “Begini Mas Neket, saya ke negara (kota kerajaan), dibebani (dimintai tolong) saudara, mencari barang. Saya jawab dengan gagah, saya bisa mencarikan barang kalau banyak dan kalau uangnya boleh saya terima terlebih dahulu. Begitu apakah anda bisa



*“Prakara ngotêniku botên gampang, kalih nek tanggung-tanggung kula bontên<sup>3</sup> gélêm”.*

*“Karsa sampeyan kados pundi, mênawi kula sagêd ngrêmbagakakên”.*

*“Nek kula gélêm ngêtokake barang botên kurang 10 kati, sakatine mung kula culake 60 rupiyah, dadi ontên dhuwit 600 rupiyah, dhuwite kriyin, barange kentun, utawa lung-tinampen”.*

*“Mênawi namung satunggal kalih rêgi pintên Mas Nekêt”.*

*“Niku êmpun tiba ingkul, dados 75 rupiyah, nanging nek kula botên bisa adol siji loro”.*

*“Coba kula rêmbagipun rumiyin, mênawi angsal damêl kula sowan mriki sampun ambêkta yatra”.*

*Blantik lajêng dhatêng Tinom kapanggih Cina Ngêpakan, sanjang pi[19]kantukipun damêl, nanging kêdah mawi jontrot yatra 600 rupiyah, mangke pukul 9 sontên dipunken nampekakên dhatêng Panekêt sasampunipun tiyang ingkang badhe ambêkta barang dhatêng.*

*Sarêng pukul 7 sontên, blantik dhatêng ing griyanipun panekêt sarta*

*memikirkan?”.*

*“Perkara seperti itu tidak mudah, dan jika tanggung-tanggung saya tidak mau”.*

*“Mau anda bagaimana, jika saya bisa membicarakan?”.*

*“Jika saya mau mengeluarkan barang tidak kurang dari 10 kati (ukuran berat 0,617 Kg ), satu kati hanya saya lepas 60 rupiah. Jadi ada uang 600 rupiah. Uangnya dulu, barangnya belakangnya, atau ada barang ada uang.*

*“Jika hanya satu dua harganya berapa Mas Neket?”.*

*“Itu sudah termasuk eceran, menjadi 75 rupiah. Akan tetapi kalau saya tidak bisa menjual satu dua.*

*“Coba saya bicarakan dulu, kalau berhasil saya kemari sudah membawa uang”.*

*Blantik lalu ke Jatinom bertemu dengan Cina Ngêpakan, mengatakan keberhasilannya, namun harus membawa jontrot (pematik) uang 600 rupiah. Nanti jam 9 sore disuruh menyerahkan kepada Paneket setelah orang yang akan membawa barang datang.*

*Setelah pukul 7 sore, blantik datang di rumah Paneket serta*

<sup>33</sup>Dalam teks tertulis ‘bon’

*sampun ambêkta yatra awarni wang kartas 600 rupiyah, dipun katingalakên dhatêng panekêt, lajêng sêretan. Panekêt ical kaprayitnanipun. Sarêng ngajêngakên pukul 9 babahu pulisi tiyang kalih dhatêng, dipun awadakên ingkang badhe nampeni barang. Panekêt lajêng mênthêt barang saking pasingidan, 10 kati, katampekakên dhatêng blantik, gêntos anampekakên yatra awarni wang kèrtas 600 rupiyah.*

*Sawêg lung-tinampen, grudug polisi dhatêng kanthi punggawa. Pak Panekêt kacêpêng kabêkta dhatêng kabupaten pulisi Klathen, kalêbêtakên ing kunjara. Prakawis kaurusakên katur ing nagari dalah pasakitanipun panekêt kakunjara ngantos satahun sawêg karampungan.*

*Panekêt kapatrapan paukuman nyambut damêl paksa tanpa karante laminipun satahun. Kaukum ambayar dhêndha sewu ru[20]piyah. Punapa<sup>4</sup>dene kapocot saking kalênggahanipun. Panekêt.*

*Sanadyan waunipun dados tiyang brewu, agêng pamêdalanipun nyambi dados Sêmokêl, sapunika kêdadak*

sudah membawa uang berupa uang kertas 600 rupiah, diperlihatkan kepada Paneket, lalu bersama-sama nyeret. Paneket hilang kewaspadaannya. Ketika menjelang pukul 9 petugas polisi dua orang datang, dikatakan sebagai orang yang akan menerima barang. Panekat lalu mengambil barang dari tempat menyembunyiannya, sebanyak 10 kati, diserahkan kepada blantik, yang kemudian berganti menyerahkan uang berupa uang kertas 600 rupiah.

Baru serah-terima, seketika polisi datang beserta pasukannya. Pak Paneket tertangkap dibawa ke Kabupaten pulisi Klaten, dimasukkan dalam penjara. Perkaranya dilaporkan ke negara, beserta tersangkanya, yakni Paneket dipenjara sampai satu tahun baru diselesaikan,

Paneket dijatuhi hukuman kerja paksa tanpa dirantai selama satu tahun. Dihukum membayar denda denda sebesar seribu rupiah. Juga dicopot dari jabatannya sebagai paneket.

Walaupun semula menjadi orang kaya, besar penghasilannya, sambil merangkap menjadi sêmokel, sekarang

<sup>4</sup> Dalam teks tertulis 'punana'

*dados tiyang nistha, anandhang papacintraka.*

*Saupami panekêt botên gadhah pakarêman nyêret, amêsthi botên tuwuh manahipun rêmên dados Sêmokêl, dados cilakanipun ngantos sagêd anyoplokakên kuluk, jalaran anggenipun gadhah pakarêman nyêret.*

#### **4. Sakit Lumpuh Nyêret**

*Cariyosipun tiyang sugih gadhah anak andhugal, nêlas-nêlasakên kasugihaning bapa.*

*Juragan sugih ing Laweyan (Surakarta), karan Juragan Semel, gadhah anak namung satunggal jalêr, nama Bagus Surasa, dinama dama dening bapa biyung, dipun uja sakajêngipun, botên purun sinau dhatêng kasagêdan, dipun pardi wangkot, kalajêng-lajêng ngantos dumugi jaka, saya andhugal botên wontên ingkang dipun erepakên, nêlas-nêlasakên barang.*

*Bapa biyungipun ngênês dipun rê[21]sahi ing anak gantilaning manah, kacandhak ing sakit*

mendadak menjadi orang hina, menderita kesusahan.

Seandainya Paneket tidak mempunyai kegemaran *nyeret*, pasti tidak timbul niat hatinya untuk suka menjadi *Sêmokêl*. Jadi celaknya sampai dapat melepaskan mahkota (jabatan), oleh karena kegemarannya mempunyai kebiasaan *nyeret*.

#### **4. Sakit lumpuh nyeret**

Cerita orang kaya mempunyai anak nakal, ugal-ugalan, menghabiskan kekayaan ayahnya.

Juragan kaya di Laweyan (Surakarta), bernama juragan Semel, mempunyai anak hanya satu laki-laki bernama Bagus Surasa. (Bagus Surasa) sangat disayang oleh kedua orang tuanya, dituruti semua kemauannya, tidak mau belajar keterampilan, dididik keras kepala, berlarut-larut, hingga menjadi perjaka semakin kurang ajar, tidak ada yang disegani, menghabiskan barang harta kekayaan.

Ayah ibunya sedih diganggu oleh anak pujaan hatinya, hingga akhirnya jatuh sakit. Bagus Surasa

*angranuhi, Bagus Surasa ing batos bingah yen bapa biyungipun tumuntên ajal.*

*Kados botên wontên awoning kalakuwan, bingah bapa biyungipun ajal. Pangeran karsa damêl lalampahan, bapa biyungipun Bagus Surasa sakitipun sami madal jampi sarta lajêng ajal gêntos-gêntos. Bagus Surasa anggêntosi kasudagaraning bapa, nanging botên karan sudagar Semel, karan sudagar ber.*

*Sudagar ber nalika gêsanging bapa dipun tantun rabi botên purun. Sapunika gadhah niat badhe rabi. Inggang dipun rêmêni rabi taledhek. Inggih lajêng botên kirang tiyang inggang angombyongi, rêmên suka-suka mangan nginum, rêmên kêrêngan, dening sagêd main tangan (selat), dipun rencangi mitranipun lare ugal-ugalan. Mila sakalangkung kajen keringan. Polahipun saya andadra, botên sumêrêp dipun lumuhi ing tiyang.*

*Kasudagaripun lajêng kendêl, botên nyambut damêl, namung anjurungi kabingahan, wusana kêcandhak ing sakit [22] estri lumpuh*

dalam hati merasa senang jika ayah dan ibunya segera meninggal.

Sepertinya tidak ada perbuatan lebih buruk dari rasa senang jika ayah-ibunya meninggal. Tuhan berkenan membuat cerita, ayah dan ibu Bagus Surasa sakitnya tidak bisa diobati, serta kemudian meninggal satu persatu. Bagus Surasa menggantikan kedudukan ayahnya menjadi saudagar, tetapi tidak terkenal dengan sebutan saudagar Semel, melainkan dikenal dengan sebutan saudagar *ber* (dermawan).

Saudagar *ber* ketika ayahnya masih hidup disuruh menikah tidak mau. Sekarang ia mempunyai niat ingin menikah. yang diinginkan menikah dengan *ledhek* (penari). Jadi kemudian banyak yang mendukung, suka berfoya-foya makan dan minum, suka berkelahi, karena pandai bela diri (selat) dibantu teman-temannya anak ugal-ugalan. Maka sangat dihormati. Perbuatannya semakin menjadi-jadi, tidak tau jika dibenci orang.

Kesaudagarannya lalu berhenti, tidak bekerja, hanya menuruti kesenangan, akhirnya terkena penyakit perempuan, lumpuh tidak

*botên sagêd lumampah, katularan ing bojo taledhek, bojo lajêng kabucal, nanging sampun kasep, sampun kalajêng sakit, dipun usadani punapa-punapa: botên sagêd mantun, sakitipun madal jampi ngrengan rintên dalu, ingkang sagêd mayarakên sakitipun namung mênawi dipun sêreti, dipun kathahi saya kathah mayaripun, inggih enggal kemawon nyakot nyêret agêng, rintên dalu namung wontên patilêman kaliyan nêndha ingkang miraos. Sanadyan kasugianipun kenging kadamêl nambak lepen pepe, inggih enggal sagêd dhadhal. Bêgja juragan ber lajêng pejah botên panjang umuripun, saupami botên tumuntên pêjah, amêsthi nandhang papacintraka apapariman.*

### **5. Tiyang Nyêret Naboki Anak Bojo**

*“Dhuk, (anakipun) aku tukokna candu saumpling gilo dhuwite sakêthip, dirikat, aku sêlak katagihan”.*

*“Nyang ngêdi pak” (lare ngumur*

bisa berjalan, karena tertular penyakit istrinya yang seorang *ledék* (penari). Istrinya kemudian dibuang, namun sudah terlambat, sudah terlanjur sakit. Diobati apapun tidak bisa sembuh. Sakitnya kebal obat, menggerogoti siang malam. Yang bisa meredakan rasa saakitnya hanya jika menghisap candu (*nyeret*). Semakin banyak menghisap candu semakin banyak berkurang rasa sakitnya. Tentu saja segera sangat kecanduan *nyeret*. Siang malam hanya di tempat tidur, makan makanan yang serba enak. Walaupun kekayaannya bisa digunakan untuk membendung Sungai Pepe, juga segera bisa habis. Beruntung saudagar *ber* lalu meninggal, tidak panjang umurnya. Seandainya tidak segera meninggal, pasti menderita kesengsaraan yang menyedihkan.

### **5. Orang Nyeret Memukuli Anak Istri**

“nDuk, (anaknya) belikan saya candu satu *umpling*, (tempat madad dari timah), ini uangnya *sekethip* (10sen). Cepat, saya keburu ketagihan”.

“Kemana Pak”. (anak berumur

10 tahun)

[23] “*Mênயanga Cayudan bae: cêdhak, aja mênயang Singasaren*”.

*Lare lajêng mangkat. Arta kêthip dipun-gêgêm. Dilalah wontên ing margi artanipun kêthip rêntah botên kraos, katungkul anggenipun ningali punapa-punapa ing margi ingkang dipun tingali. Sarêng engêt pêrlunipun badhe tumbas candu, gêgêmanipun sampun pinanggih kothong. Saking kagetipun lajêng nangis kaliyan madosi artanipun kêthip ingkang rêntah, nanging botên sagêd pinanggih, wongsal-wangsul turut margi ingkang mêngtas dipun langkungi, badhe lajêng mantuk ajrih, mênawi dipun srêngêni bapakipun.*

*Bapakipun sakalangkung angajêng-ajêng dhatênging anakipun, dening sampun kêtagangan, umbêl meler, wahing tanpa kendêl, (punika watêkipun tiyang kêtagangan madat), botên antawis dangu anakipun katingal dhatêng enggal dipun pitakeni: Êndi umplinge, suwe têngên, mau dadak apa.*

*Anakipun mangsuli: “Dhuwite ilang ana ing dalan, tak goleki ora kêtêmu.”*

[24] *Kados punapa riwuting*

10 tahun)

“Pergilah ke Cayudan saja, dekat. Jangan ke Singasaren”.

Anaknya lalu berangkat. Uang *kethip* digenggam. Tidak disangka di perjalanan uangnya ketip terjatuh tidak terasa, karena terlena menyaksikan bermacam-macam pemandangan yang dilihat di jalan yang dilalui. Ketika teringat keperluannya akan membeli candu, genggamannya sudah kedapatan kosong. Begitu terkejutnya lalu menangis sambil mencari uang ketipnya yang terjatuh. Akan tetapi tidak bisa ketemu. Berkali-kali (ia) menelusuri jalan yang baru saja dilewati. Akan langsung pulang takut kalau dimarahi oleh ayahnya.

Bapaknya sangat menunggu kedatangan anaknya, karena sudah ketagihan. Ingusnya mengalir, bersin tiada henti, (itu wataknya orang ketagihan madat). Tak berapa lama kemudian anaknya tampak datang, segera ditanyai: “Mana *umplingnya*, lama sekali, tadi ngapain saja”.

Anaknya menjawab: “uangnya hilang di jalan, saya cari tidak ketemu”.

Betapa marahnya sang ayah.

*nêpsunipun bapa, wicantênipun: “Bocah kênâ ing sibat, anake wong edan (ngantos supe dhatêng wicantênipun piyambak), anakipun dipun têngiling sakayangipun ngantos kalayaban.*

*Katungka bojonipun dhatêng. Sumêrêp anakipun dipun têngiling, pêtrek-pêtrek murinani. Wicantênipun dhatêng ingkang jalêr: “Kowe apa edan nabok bocah ora nganggo duga, nganti klayaban”.*

*Inkang jalêr saya wringutên, ingkang estri dipun tabok sakayangipun, panonipun ngantos sumrêpêt, tranggrinas lajêng angrukêt ingkang jalêr sarwi wicantên: “Bacutna wong edan, yen ora sida modar kowe, aja koarani aku. Inkang jalêr pringisan, sarta sambat angruntuh, wis wis bokne culna, aku wis kapok, lajêng dipun culakên, dipun pitakeni, iki mau kowe kêsurupan apa dene nganti kaya wong edan, kolu naboki anak bojo.*

*“Wong kebangêtên, bocah wis gêrang ora gênah, tak kon tuku candu dhuwite diilangake”.*

*“Olehmu tuku candu pira”.*

*“Sakêthip”.*

*[25] “Dene mung sakêthip,*

Katanya:“ Anak kena umpat, anaknya orang gila, (sampai lupa akan ucapannya sendiri)”, anaknya ditampar sekerasnya hingga sempoyongan.

Tiba-tiba istrinya datang. Melihat anaknya ditampar, berteriak-teriak tidak rela. Katanya kepada suaminya: “Kamu apa gila menampar anak tidak pakai kira-kira, sampai sempoyongan”.

Sang suami semakin geram, istrinya ditampar sekerasnya, hingga penglihatannya seketika gelap. Dengan sigap ialalu memegangi suaminya sambil berucap. “ Lanjutkan orang gila, kalau tidak, matilah kamu. Jangan kau sebut aku”. Suaminya meringis, sambil mengaduh: “Sudah-sudah Bu.. lepaskan, aku sudah jera”, lalu dilepaskan. Kemudian ditanyai: “Ini tadi kamu kerasukan apa hingga berperilaku seperti orang gila, sampai tega memukuli anak dan istri”.

“Anak keterlalu, sudah besar tidak tahu, saya suruh membeli candu uangnya dihilangkan”.

“Kamu membeli candu berapa”.

“Satu kethip”.

“Hanya satu *kethip*, kepala anak

*éndhasing anak tombok éndhasing bojo, dadi kaplokan, wadine kowe kêtagangan, énya tadhahmu sadina rong umpling mau tak tukokake cêkrokên sing nganti mlukek”.*

*“Éndi wong wis kêtagangan ngene: kok”, lajêng mapan dhatêng patilêman: nyêret.*

*Punika watêkipun tiyang nyêret, kanêpson ingkang sawêg linampahan, sirna sami sanalika bilih lininton candu.*

## **6. Sudagar Nyêret**

*“Saiki tak mêdhot bae bokne”.*

*“Unimu ora mung sapisan iki bae, sabên wis éntek-éntekan, iya arêp mêdhot, nanging kok sida: iya ora”.*

*“Saiki titenana, kandhaku amêsthi têmên”.*

*“Iya sokur: nek nyata. Tinimbang kowe ana ngomah, menyanga Bêkonang: ta, sadhela, paranana wadeku [26] isih sakodhi, lan kêkerene dhuwit wade sing dhisik isih salawe. Jalukên pisan.*

*“Iya: aku sangonana srupiyah bae”.*

*“Kok gawe apa dhuwit srupiyah,*

dan istri menjadi sasaran tamparan, itu tandanya kau kecanduan. Ini jatahmu, sehari dua *umpling*. Tadi saya belikan hisaplah hingga kau muntah.

“Mana, orang saya sudah ketagihan gini”, lalu bersiap tiduran di ranjang untuk *nyeret*.

Itulah tabiat orang *nyeret*, kemarahan yang baru dilakukan, hilang seketika jika ditukar candu.

## **6. Saudagar Nyeret**

“Sekarang tak berhenti saja Bu”.

“Ucapanmu itu tidak hanya sekali ini saja, setiap sudah habis-habisan, selalu bilang mau berhenti, tetapi apa jadi, akhirnya juga tidak”.

“Sekarang tandailah, kataku pasti sungguh-sungguh”.

“Syukurlah: jika nyata. Dari pada kamu di rumah, pergilah ke Bekonang: sebentar saja. Ambilah kainku masih satu *kodhi* (20 lembar), dan sisa uang yang dulu masih duapuluh lima ribu. Mintalah sekalian”.

“Iya. Berilah saya bekal satu rupiah saja”.

“Kau buat apa uang satu rupiah,



*mêngko iya kogawe tuku candu”.*

*“Bok modar ta, wong dikandhani arêp mêdhot pijêr dipaido bae”.*

*“Nya, wis nuli mangkata”.*

*Lampahipun dumugi Bêkonang kraos kêtagihan, lajêng kendêl wontên ing wande: pawedangan, tumbas candu kalih umpling kasêret têlas, taksih kirang tumbas malih kalih umpling êngkas kasêret têlas, ulatipun mangar-mangar sampun karaos mêngdêm, arta panumbas wedang sarta panganan dipunbayar ljêng dhatêng griyanipun bakul sinjang ingkang badhe dipun purugi, nanging pinanggih sêpên, griya dipun kancingi saking jawi, pitaken tangganipun, dipun wangsuli kesah dhatêng nagari, dados dhapur kêtulisiban lampah, kédangon anggenipun nyêret wontên wande, sarehning badhe kadangon dipun êntosi, sae lajêng wangsul mantuk kemawon.*

*[27]Kacariyos bakul sinjang ing Bêkonang sampun dumugi ing nagari sarta sampun pasokan kakantunanipun arta wade dhatêng juraganipun, tuwin sampun nampeni*

nanti ya pasti kau pakai untuk membeli candu”.

“Sumpah mati, diberitahu mau berhenti tetap saja tidak dipercaya”.

“Ini, sudah segeralah berangkat”.

Perjalanannya sampai di Bekonang terasa ketagihan, lalu berhenti di sebuah warung penjual minuman, membeli candu dua *umpling* dihisap habis. Masih kurang (lalu) membeli lagi dua *umpling*, dihisap hingga habis. Wajahnya memerah sudah terasa mabuk. Uang untuk membeli minum dan makanan dibayarkan, kemudian berangkat menuju ke rumah pedagang kain yang akan dituju. Tetapi yang ditemui sepi (pergi). Rumah dikunci dari luar. Dia lalu bertanya kepada tetangganya, dijawab bahwa yang punya rumah baru pergi ke negara (ibukota kerajaan). Jadi bersilang jalan sehingga tidak berjumpa, sebab terlalu lama menghisap candu di warung. Oleh karena akan lama jika ditunggu, maka diputuskan pulang.

Dikisahkan pedagang kain dari Bekonang sudah sampai di kota serta sudah memasok kekurangan uang dagangan kain kepada juragan, serta sudah menerima kain

*wade malih ingkang badhe kasade, dados nama ngalap nyaur. Bakul sinjang dipun pitakeni kaliyan juraganipun:*

*“Niki wau kula kengkenan raka dika têng mrika, ngenggalake bayaran wade, kula sêlak pasok têng Kauman, napa wau botên kêpêthuk ing dalan.”*

*“Botên Bakyu, lampah kula inggih ngênêr botên mawi mompar-mampir. Bok mênawi kêng raka kakang médal ler”.*

*“Mênawa”.*

*Bok Juragan nyathêt salêbêting manah, ingkang jalêr amêsthi kendêl nyêret”.*

*“Sampun Bakyu, kula lajêng badhe dhatêng pêkên agêng, tumbas bêtah”.*

*“Ênggih”.*

*Boten antawis dangu ingkang jalêr ênggos-ênggos katingal dhatêng: amangar-mangar. Sarwi wicantên: “mBok bakul wis têkan kene?”.*

*“Mêngko: ta, kowe kuwi tak*

dagangan lagi yang akan dijual. Jadi disebut *ngalap nyaur*, yakni mengambil barang terlebih dahulu, dibayar kemudian setelah laku. Pedagang kain ditanya oleh sang juragan:

“Ini tadi saya menyuruh kakakmu (suamiku) ke rumahmu, untuk mempercepat pembayaran uang hasil penjualan kain, karena saya akan segera memasokkannya ke Kauman. Apatadi tidak ketemu di jalan.

“Tidak Mbakyu, perjalanan saya kemari langsung, tidak singgah kemana-mana. Mungkin Kangmas suamimu lewat utara”.

“Mungkin”.

Nyonya Juragan mencatat dalam hati, suaminya pasti singgah dulu untuk nyeret”.

“Sudah Mbakyu, saya terus akan ke Pasar Gedhe, untuk membeli kebutuhan.

“Silahkan”.

Tidak lama kemudian suami Nyonya Juragan tampak datang dengan terengah-engah, wajahnya merah membara, seraya berkata: “Pedagangnya sudah sampai sini?”.

“Sebentar. Kamu itu saya suruh menagih, ketemu apa tidak”.

“Tidak. Bersimpangan di jalan.

*kongkon nagih, kêtêmu apa ora.”*

[28] *“Ora, kêtlisiban ana ing dalam, t êkaku ing omahe tinêmu suwung, lawange dikancing saka ing jaba, aku takon tanggane: jare mênyang nagara, aku cangkelak bali tak tututi mêksa ora k êcandhak”.*

*“Geneya lakumu suwe t êmên?”.*

*“Dilalah wong kaya kowe, prasan atimu k êpriye, B êkonang iku apa c êdhak?”.*

*“Ya, wis, seje dina bae dikongkoni maneh. Iba k êsêlmu mênyang B êkonang calik, ora nganggo leren sadhela”.*

*“Ora basa, aja wêdi yen kosr êngêni, tak ênteni nganti sauliye”.*

*“Kowe apa ora tuku tamba sayah”.*

*“Wong wis dikandhani m êdhot pijêr soyah- seyeh bae, êmoh aja kotukokake”.*

*“Sukur yen t êmên m êdhot, tak kauli aku bakal midhang mênyang Bathangan, b êngine wayangan”.*

*“Êndi bakal wragade wayangan tak gantunge, besuk kowe mundhak owêl- owêlên”.*

Sesampainya aku di sana, rumahnya dalam keadaan kosong, pintu dikunci dari luar. Saya bertanya tetangganya, katanya ke kota. Saya berbalik pulang, saya kejar tetap tidak terkejar”.

“Mengapa perjalananmu lama sekali?”.

“Dasar orang seperti kamu. bagaimana perasaanmu, Bekonang itu apa dekat?”.

“Ya sudah. lain hari saja tak suruh lagi. Betapa capekmu, ke Bekonang pulang-pergi,tanpa istirahat sekejap pun”.

“Tidak sempat. Jika tidak takut kau marahi, kutunggu sampai pedagangnya pelang”.

“Kamu apa tidak membeli obat capek?”.

“Orang sudah saya katakan berhenti, selalu saja dikatakan capek. Tidak mau, jangan kau belikan”.

“Syukurlah kalau benar-benar berhenti (*nyeret*), saya bernazar, saya akan berkeliling pasar Bathangan, malam harinya mengadakan pertunjukan wayang”.

“Mana biayanya untuk menanggapi wayang, saya yang memegang. Daripada kelak kamu

[29] *“Mongsa aku goroh yen kowe tēmèn. Sangumu mēnyang Bêkonang kari pira, kene, mēngko mundhak kotukokake candu”.*

*“Aku durung kandha sêlak kotakoni, sanguku ilang tak gembol ana ing sabuk runtuh, kliru tlêsêpe sing dudu lēmpitan”.*

*“Athik kaya bocah cilik anggawa dhuwit bisa ilang”.*

*“Apa wong tuwa ora bisa kelangan kaya bocah cilik.”*

*“Iya bisa, nanging nek kowe wangune ora bisa kaya bocah”.*

*“Dadi kandhaku kopaido?”.*

*“Ora maido, mung gênahake bae”.*

*“Iya, nanging atiku krasa, kokira tak tukokake candu”.*

*“Sukur nek wis tumonja kotukokake candu dene raimu wis mangar-mangar”.*

*“La mbok modar sêg: ta, yen tak tukokake candu, wong ilang tēmènan.”*

[30] *“Ya wis, wong wis ilang, padha bae karo kotukokake candu, nanging aja dhêmèn supata, saru*

*merasa sayang”.*

*“Mosok aku berbohong kalau kamu sungguh-sungguh. Bekalmu ke Bekonang tinggal berapa, sini, nanti malahan kau belikan candu.*

*“Aku belum bicara keburu kau tanya. Bekalku hilang. Saya masukkan di ikat pinggang, jatuh, salah saya selipkan pada yang bukan lipatan”.*

*“Kok seperti anak kecil, membawa uang bisa hilang”.*

*“Apa orang tua tidak bisa kehilangan seperti anak kecil.”*

*“Ya bisa. Tetapi kalau kamu pantasnya tidak bisa seperti anak kecil”.*

*“Jadi perkataanku tidak kau percaya?”.*

*“Bukan tidak percaya, hanya menanyakan saja.*

*“Iya. Tetapi hatiku merasa, kau kira saya belikan candu”.*

*“Syukurlah kalau sudah bermanfaat kaubelikan candu, sehingga wajahmu sudah memerah”.*

*“Sungguh berani mati, jika saya belikan candu, orang benar-benar hilang”.*

*“Ya sudah, orang sudah hilang, sama saja dengan kaubelikan candu. Tetapi jangan suka*

*dinulu*".

*"La wong kaku atiku, apa-apa kopaido"*.

*"Anane wong dipaido iku: goroh, coba jajal-jajal tēmên, ora-orane tak paido, saiki aku arêp caturan tēmènan karo kowe, kowe bojoku cilik mula, wis patutan loro lanang wadon, si gêndhuk wis bisa ngrewangi aku mênyang kuwadean, olehku nyambut gawe sêmpulur, iku iya saka brêkahmu, kowe aja sok dhêmên ngrusuhi jupuk dhuwit tanpa têmbung"*.

*"Ora, bok modar ta"*.

*"Mênênga dhisik, tak tutugne clathuku, lan aja supata maneh. Aku ora ngandêl, lan mundhak dadi saradanmu ala, disigeni mênyang tangga têparo."*

*"Kêpriye tutugna."*

*"Karêpku, kowe aja mêdhot. Lêstarekna nyêret. Tak tadhah rong umpling sadina. Kaya-kayaaku wis kêlar. Sêretên esuk saumpling, sore saumpling"*.

[31] *"Kejaba: ta. Yen karêpmu"*

bersumpah, tidak pantas dilihat".

"Lah orang jengkel hatiku, apa-apa tidak kau percaya".

"Adanya orang tidak dipercaya itu karena: dusta. Coba mencoba bersungguh-sungguh, jangan khawatir tidak saya percaya. Sekarang saya mau bicara sungguh-sungguh denganmu. Kamu suamiku sejak dari kecil. Sudah mempunyai dua orang anak, laki-laki dan perempuan. Anak perempuan kita sudah bisa membantu saya berjualan kain. Pekerjaanku lancar. Itu juga karena berkatmu. Kamujangan suka mengganggu mengambil uang tanpa memberitahu".

"Tidak. Sumpah berani mati".

"Diamlah dulu. Saya selesaikan dulu bicaraku. Dan jangan bersumpah lagi. Saya tidak percaya. Dan agar tidak menjadi kebiasaanmu yang jelek, dicemooh oleh tetangga"

"Bagaimana, lanjutkan."

"Maksudku, kamu jangan berhenti. Teruskan nyeret. Saya jatah dua *umpling* satu hari. Sepertinya saya sudah mampu. Hisaplah pagi satu *umpling*, sore satu *umpling*".

"Kecuali jika maumu seperti itu,

*mangkono, aku iya mung nurut”.*

*Bok sudagar lêstantun anggenipun rarayatan, nanging pak sudagar punapa marêm dipun cadhongi kalih umpling: botên,akalipun wontên kemawon ingkang murih angsal yatra saking bok sudagar lêpatipun alus, inggih dipun kasar, tadhahipun pancen agêng, botên cêkap sarupiyah. Bok sudagar susah manahipun, tansah dipun rêsahi ingkang jalêr, kêcandhak ing sakit cêkek (terêng) botên sagêd nyambut damêl ngantos sawatawis wulan, wusana pêjah.*

*Lêrêsipun tiyang kapêjahan semah, susah, nanging pak sudagar: botên, malah bingah lajeng aji mumpung<sup>5</sup>, nyêret rintên dalu botên mawi kendêl, barangipun dhadhal têlas dipun sêret, dalah griya gusis sampun dipun sade, anakipun kakalih dipun burak, sami pados panggêsangan piyambak-piyambak, sarehning sêretipun agêng, enggal kasarakatipun, ngapus-apusi sampun botên sagêd, dening sampun gonda awon, wusana ngêmis, lajêng kêcandhak sakit, pêjah wontên pu[32]rug botên ulês-ulêsan, dados damêlipun ingkang kanggenan.*

saya akan mengikuti”.

Nyonya saudagar lestari dalam hidup berumah tangga. Akan tetapi apakah Pak saudagar puas diberi jatah dua *umpling*: tidak: akalnya ada saja, agar bisa mendapatkan uang dari Nyonya saudagar. Kalau tidak berhasil dengan cara halus, dilakukan dengan cara kasar. Jatahnya memang besar, tidak cukup satu rupiah. Nyonya saudagar hatinya sedih, karena selalu diganggu oleh suaminya. Akhirnya menderita sakit *cêkek/terêng* (strees), tidak dapat bekerja sampai beberapa bulan, akhirnya meninggal.

Mestinya orang yang ditinggal mati istrinya bersedih. Tetapi Pak Sudagar, tidak. Malah senang, lalu memanfaatkan kesempatan. *Nyeret* siang malam tanpa henti. Hartanya habis dijual untuk *nyeret*, termasuk rumahnya sudah habis dijual. Kedua anaknya diusir sehingga mencari penghidupan sendiri-sendiri. Oleh karena kebiasaannya *nyeret*-nya besar, cepat jatuh miskin, menipu sana-sini sudah tidak bisa, karena sudah terkenal namanya jelek. Akhirnya menjadi pengemis, lalu menderita sakit,

---

<sup>5</sup> Dalam teks tertulis ‘lajang aja pupung’

*punika<sup>6</sup> watêkipun tiyang nyêret, sanadyan dipun cêkapi, inggih mêksa taksih kirang, marêmipun mênawi sampun sande tiyang slêbêtipun sakarat.*

### **7. Nguntal Kalelet**

*Wontên abdi dalêm Panewu ngajêng, agêng pamêdalipun, dhasar gêmi nastiti angati-ati, mila enggal sugih nanging gadhah pakarêman nyêret, sarehning tiyang nyêret punika amboborosi, botên sande badhe nyuda ing kasugihanipun.*

*Pamikiripun amurih langgêng, sukur bage malah wêwah, kêdah dipun kantheni panggaotan, nanging panggaotan punapa ingkang pinanggih sae, botên wontên ingkang ngungkuli kejawi namung sade apyun pêtêng laris daganganipun enggal têlas, angsal bathi kathah, ing petang tikêl kaliyan pamêdale anggenipun dados priyantun, kuciwanipun dados awisaning nagari. Nanging tiyang ingkang kenging ing dakwa sade apyun pêtêng ngantos ka[33]trap ing*

mati di perantauan tanpa terkafani, menjadi beban yang ditempati.

Itulah sifat orang *nyeret*, meskipun sudah dicukupi, masih tetap merasa kurang. Kepuasannya jika sudah gagal sebagai manusia, yakni pada saat sakaratulmaut.

### **7. Menelan Kelelet**

Ada abdi dalem seorang Panewu depan, besar penghasilannya, bersifat hemat, cermat dan berhati-hati, maka cepat menjadi kaya, namun dia mempunyai kegemaran *nyeret*. Oleh karena orang *nyeret* itu menyebabkan boros, tidak urung akan mengurangi kekayaannya.

Yang dipikirkan agar tetap abadi, sukur bisa bertambah (kekayaannya), harus disertai kerja sampingan. Akan tetapi kerja sampingan apa yang dirasa baik, tidak ada yang mengungguli, kecuali hanya menjual *apyun* (candu) gelap. Dagangannya laris, cepat habis, mendapatkan untung banyak. Dalam perhitungan (keuntungannya) berlipat ganda dibanding dengan penghasilan sebagai *priyayi* (abdi dalem).

<sup>6</sup> Dlam teks tertulis 'Puni'

*paukuman punika tiyang ingkang tanpa budi, mênawi tiyang mangrêtos mangsa makatêna.*

*Kênthêling pamikir saestu badhe kilak apyun pêtêng dhatêng Rêmbang utawi ing Juwana, ing ngriku kadhatoning apyun, lajêng pados tiyang ingkang dados paten-paten, dipun epahi kathah, tiyang gangsal dipun bêktani yatra 1.000 rupiah, wangsul saking purug ambêkta apyun: wilujêng dipun sade eceran, kumrubut tiyang tumbas, kados tumbas dhatêng Ngêpakan.*

*Dereng sawulan apyun kilakan sewu rupiah sampun dhadhal têlas, kapetang pikantuk bathi tikêl, punika apyun kasade jangan, botên dipun plangkring, saiba dipun sarehakên saya kathah bathinipun, sampun saestu kemawon tuman, kados kirik dipun pakani kêtan.*

Sayangnya pekerjaan itu menjadi larangan negara. Tetapi orang yang terkena tuduhan menjual candu gelap sampai dijatuhi hukuman itu orang yang tidak berakal. Kalau orang yang tahu tidak mungkin sampai begitu.

Bulatnya pikiran, jadilah dia akan membeli candu gelap ke Rembang atau ke Yuwana. Di sana adalah kerajaan candu. Dia lalu mencari orang yang akan dijadikan umpan, diberi upah banyak. Orang lima dibekali uang 1.000,00 rupiah. Kepulangannya membawa candu, selamat, dijual eceran. Orang yang membeli sangat banyak, seperti membeli di Pengepakan.

Belum sampai satu bulan, candu yang dibeli seharga 1.000,00 rupiah sudah habis sama sekali, terhitung mendapatkan untung berlipat ganda. Itupun candu tersebut dijual secara langsung, tidak dipajang. Apalagi kalau disabarkan, pasti akan semakin banyak untungnya. Tentu saja pekerjaan itu menarik untuk terus dilakukan, ibarat seperti anak anjing diberi makan ketan (makanan terbuat dari jenis beras ketan).



*Sarêng sampun kendêl sawatawis<sup>7</sup>  
dintên lajêng kengkenan malih, dipun  
tikêli kados ingkang sampun, inggih sagêd  
wilujêng malih, nanging sampun  
anggonda dipun sujanani parentah  
kantor, griyanipun kêrêp dipun galedhah,  
nanging botên nate kacêpêng barangipun,  
saking rêpite pandekenipun.*

*[34] Dangu-dangu wontên ingkang  
sagêd kacêpêng, dipun akêni  
gaduhanipun tiyang ingkang dados  
paten, punika ingkang kalêbêt ing  
prakawis sarta kalêbêt ing kunjara dipun  
ukum krakal. Priyantun wau ingkang  
ambokongi suka sandhang pangan  
salêbêtipun dipun ukum, sarta manah  
anak bojonipun ingkang wontên griya.*

*Luwaripun saking paukuman dipu  
ganjar yatra kathah, dados priyantun wau  
botên nate kenging prakawis, kajawi  
namung kagêpok ing raos, botên dados  
punapa, sawêg dinulu dening Allah,  
tindakipun awon botên nate kêsandhung.*

*Kangjêng parentah agêng ingkang  
asoca bathara, kala panjênênganipun  
papatih Kangjêng Raden Adipati  
Sasranagara riddêring ordhe*

Setelah istirahat beberapa hari kemudian menyuruh orang lagi, dilipatkan dari yang sudah-sudah, juga dapat selamat lagi. Akan tetapi sudah tercium dicurigai oleh pemerintah kantor. Rumahnya sering digeledah, tetapi tidak pernah ketahuan barangnya karena menyimpannya sangat rapat.

Lama kelamaan ada yang dapat ditangkap, diakui milik orang yang menjadi *paten* (umpan). Orang tersebutlah yang masuk dalam perkara dan masuk penjara, dihukum *krakal*. Panewu tersebut yang mendekengi memberi makan dan pakaian selama di penjara, serta memikirkan anak - istrinya yang berada di rumah.

Setelah lepas dari hukuman diberi hadiah uang dalam jumlah banyak. Jadi panewu tersebut tidak pernah kena perkara, kecuali hanya tersentuh perasaannya, tidak menjadi apa, sedang dimanjakan oleh Tuhan. Perbuatan buruknya tidak pernah ketahuan.

Kangjeng Parentah Ageng yang bermata dewa, saat kepemimpinan Patih Kangjeng Raden Adipati Sasranagara yang mendapatkan

<sup>7</sup> Dalam teks tertulis 'sawatawin'

*nedêrlansên leo, prayantun wau kaundur saking kalênggahanipun panewu ngajêng, inggih namung dipun layakakên ing kathah.*

*Sarehning taksih sugih sampun botên dados priyantun, panggaotanipun sade apyun pêtêng saya dipun santosakakên. Botên dados priyantun, botên dados punapa, botên dipun manah sudaning ajinipun, inggih damêl sudaning ajrihipun tiyang ingkang pinitados.*

*[35] Lampah ingkang pungkasan dipunkêtog, gadhahanipun yatra sakantunipun dipun sadayakakên, kirangipun anggantosakên barang, kalêmpakipun yatra gunggung 5.000 rupiah, katampekkên dhatêng pangajênging lampah tiyang kakalih, ingkang sampun kacihna sêtya tuhunipun dhatêng priyantun wau sarta sampun sami nandhang sumpah, namung ngêntosi kalêmpakipun bahu tiyang 8 lajêng mangkat.*

*Sarêng dangu dhatêngipun, dening pancen botên dipun bejani, lajêng dipun susul dening pangajêng kakalih, botên sumêrêp mênawi pangajêng kakalih sampun sakait, botên badhe kesah tumbas apyun pêtêng badhe*

penghargaan *Riddering ordhe Nederlansen Leo*. Orang tersebut diberhentikan dari kepangkatannya sebagai Penewu depan, dijadikan hanya seperti orang kebanyakan.

Oleh karena masih kaya sudah tidak jadi priyayi (pejabat), usahanya sebagai penjual apyun gelap semakin dikuatkan. Tidak menjadi pejabat, tidak jadi apa. Tidak dihiraukan berkurangnya kewibawaan, juga menjadikan berkurangnya rasa takut bagi orang yang dipercaya.

Perjalanannya yang terakhir dimaksimalkan, semua uang miliknya yang tersisa disemuakan, kurangnya menggadaikan barang. Kumpulan uangnya berjumlah 5.000 rupiah, diserahkan kepada dua orang yang menjadi pimpinan perjalanan yang sudah terbukti kesetiaan dan ketaatannya kepada orang tersebut, dan semua sudah terikat sumpah. Hanya menunggu berkumpulnya tenaga berjumlah 8, lalu berangkat.

Ketika (delapan orang tenaga) ditunggu lama tidak datang, karena memang tidak diberi biaya, lalu disusul oleh kedua orang pimpinan. (Mantan Penewu) tidak mengetahui kalau dua orang pimpinan utusan

*ngapusi yatra ingkang sampun dipun tampeni, yatra dipun palih, lajêng kadamêl sopyan-sopyan.*

*Kados punapa kageting manahipun priyantun wau sareng sumêrêp dipun apusi. Sanalika kados tiyang gêndhêng. Calumak-calumik wicantênan piyambak, sarta sampun kêlajêng tadhahipun nyêret agêng, kala jibar-jibur sugih yatra sugih apyun.*

*Botên ngantos dangu dhumawah ing kamlaratan, griyanipun [36] kasade, lajêng mondhok-mondhok saênggen-ênggen. Tadhahipun mantun agêng dening sampun dhumawah ing papa, nanging botên marêm dipun sêreti sakêdhik, pupuntonipun lajêng santun gêlar: nguntal kalelet, punika ingkang sagêd nyameni kaliyan tiyang nyêret tadhah agêng, kalelet rêgi suwang nyameni cêmêngan rêgi nêmb wang, dangu anggenipun nguntal kalelet, mantun sês tike, wêtêngipun sampun mêlêng-mêlêng, watêkipun tiyang nguntal kalelet botên kenging kandhêgan, lajêng sakit wêtêng dadakan.*

yang dipercaya tersebut memang sudah sepakat, tidak akan pergi membeli apyun gelap, akan menipu uang yang sudah diterima. Uang dibagi dua, kemudian digunakan untuk berfoya-foya.

Betapa terkejutnya hati mantan pejabat tadi begitu mengetahui kalau ditipu. Seketika seperti orang gila. Berkemat-kamit berbicara sendiri. Serta sudah terlanjur kebutuhan nyeretnya besar, karena ketika masih kaya raya bergelimang harta kaya apyun.

Tidak berapa lama kemudian jatuh miskin, rumahnya dijual, lalu menumpang disembarang tempat. Jatah nyeretnya yang banyak berhenti karena sudah jatuh miskin. Akan tetapi tidak puas disereti sedikit. Akhirnya berganti cara *menelan klelet (cairan candu)*. Itu yang dapat menyamai dengan orang *nyeret* porsi besar. *Klelet* seharga satu *uwang* (10 sen) menyamai candu hitam seharga enam *uwang* (60 sen), lebih lama mengkonsumsi *kalelet*. Selesai (menelan *kalelet* lalu) merokok *tike* (candu). Perutnya sudah *meleng-meleng* mengkilat). Wataknya orang menelan *kalelet* tidak dapat dihentikan, lalu sakit perut mendadak.

*Nuju satunggal dintên sakit panas, botên sagêd pados kalelet piyambak, kengkenan angepah-epahi, nanging mêksa botên angsal, muring-muring botên kantênan dhawahipun, mlampah pados piyambak botên sagêd, badan saya lêsah susukêr sampun wiwit mili, botên dangu puput yitmanipun, pêjah botên ulês-ulêsan, dados damêling nagari.*

*Samantên dhêndhanipun tiyang karêm madat, tur linampahan ing tiyang sugih, watêkipun gêmi nastiti angati-ati, kêsandhung ing lampah dados tiwasipun.*

### **8. Bayi Nyeret**

*[37] Saking pandameling tiyang sepuhipun ngantos dumugi bibar tetak let kalih taun pejah andalinding.*

*Ki Tapraya ing kampung Gapyakan, Onder Distrik Serengan kitha Surakarta, gadhah anak jaler nama Paya. Wiwit bayi lair dipun kebuli tike, saben badhe mapan tilem sonten.*

*Ki Tapraya padamelanipun*

Pada suatu hari (dia) sakit panas, tidak dapat mencari *kalelet* sendiri. Menyuruh orang dengan memberi upah, namun tetap tidak mendapatkan. (Dia) marah-marah tidak jelas kepada siapa. Mau berjalan mencari sendiri juga tidak bisa, badan semakin lemas, kotorannya sudah mulai mengalir, tidak lama kemudian meninggal dunia. Mati tanpa terkafani, menjadi beban negara (pemerintah).

Itulah hukuman orang yang suka madat, dan dijalani oleh orang kaya, wataknya hemat cermat dan hati-hati, tersandung perkara hingga menemui celaka.

### **8. Bayi Nyeret**

Oleh karena perbuatan orang tuanya, sampai dengan sehabis khitan selang dua tahun meninggal *andalinding* (mengenaskan/ terus menerus mengeluarkan kotoran).

Ki Tapraya di kampung Gapyakan, bawah distrik Serengan kota Surakarta mempunyai anak laki-laki bernama Paya. Sejak bayi lahir diasapi rokok candu, setiap akan mulai tidur sore.

Ki Tapraya pekerjaannya

*ambubut sengkang cemeng. Sadinten saged gadhah kauntungan sarupiyah, dipun seret ingkang kawan wang. Bibar nyambut damel sonten, lajeng nyeret ngantos satelase tadhahipun.*

*Nuju satunggiling dinten anakipun sakit boten saged tilem, lajeng dipun kebuli tike. Sareng lare karaos mendem, saged tilem. Sontenipun dipun kebuli malih, inggih lajeng ngalepus saged tilem. Makaten salajengipun, saben sonten dipun kebuli tike, ngantos mantun sakitipun.*

*Saben boten dipun kebuli nangis. Sareng lare saya ageng boten marem dipun kebuli sakedhik, kedah nedha kathah.*

*Akaling bapa anak dipun akepi urung bedudan ingkang mentas kangge (38) nyeret supados dipun serot kakantunaning kebulipun.*

*Lare dipun akepi bedudan inggih mangap sarta inggih lajeng saged nyeret kakantuning kebul. Saya mindhak ageng saya baud.*

*Sareng sampun ngumur 4 taun sampun saged nyeret piyambak tunggil sabantal kaliyan bapakipun. Lare sakalangkung lulut sarta tresna*

membuat subang hitam. Satu hari dapat memperoleh keuntungan satu rupiah, yang 4 wang (40 sen) digunakan untuk *nyeret*. Sore sepulang kerja lalu *nyeret* sampai jatahnya habis.

Pada suatu hari anaknya jatuh sakit, tidak bisa tidur. Lalu diasapi rokok candu. Setelah anak terasa mabuk baru bisa tidur. Sore harinya diasapi lagi, juga kemudian bisa tidur nyenyak. Begitu seterusnya, setiap sore diasapi rokok candu hingga sembuh dari sakitnya.

Setiap tidak diasapi selalu menangis. Setelah anak semakin besar, tidak puas diasapi sedikit, harus minta banyak.

Ayahnya punya akal, anaknya dikulum bungkus *bedutan* (pipa penyedot) candu yang habis digunakan untuk *nyeret* agar dihisap sisa asapnya.

Anak dikulum *bedutan* juga mau membuka mulutnya serta juga langsung bisa menghisap sisa asapnya. Semakin besar semakin pandai.

Begitu sudah berumur 4 tahun sudah bisa *nyeret* sendiri, tidur bersama satu bantal dengan ayahnya. Anak sangat lekat serta

*ing bapa tinimbang kaliyan biyungipun. Bapa inggih sakalangkung tresna dene anakipun taksih alit sampun saged nyeret. Menawi ketlangso kraos ketagihan nangis nedha yatra dhateng bapa biyungipun kadamel tumbas tike.*

*Kalawun-lawun agenging lare bapa biyungipun karejeken, sareng umur 14 taun dipun tetakaken nanging lare wau kesed, boten sregep kados bapakipun.*

*Nuju wonten pageblug ageng, bapa biyungipun Paya dipun tedha ing pagebluk, pejah sareng sadinten. Ing batos pun Paya bingah badhe anggadahi barang titilaraning tiyang sepuhipun, kadugen sakajengipun. Boten dipun panci kados saben dintenipun. Samanten awoning manahipun tiyang nyeret, bingah dipun tilar pejah ing bapa biyungipun, dening badhe nampeni barang warisan.*

*[39] Kacariyos pun Paya ageng seretipun, anelas-nelasaken barang salebeting griya ngantos gusis, tumunten griyanipun kasade. Pun Paya ngelambrang tilem wonten ing bambon.*

sayang kepada ayahnya daripada dengan ibunya. Ayahnya juga sangat sayang, karena anaknya masih kecil sudah bias *nyeret*. Jika kebetulan merasa ketagihan, menangis meminta uang kepada ayah ibunya untuk membeli *tike* (rokok candu).

Berlarut-larut anaknya semakin besar, ayah ibunya selalu mendapatkan rejeki berlebih. Setelah anak berusia 14 tahun disunatkan. Akan tetapi, anak tersebut malas, tidak rajin seperti ayahnya.

Ketika terjadi *pageblug* (wabah penyakit) dahsyat ayah ibunya Paya dimakan *pageblug*, mati bersama dalam satu hari. Dalam hati Paya merasa senang akan memiliki barang tinggalan orang tuanya, kesampaian yang menjadi keinginannya. Tidak dijatah setiap harinya. Begitulah jeleknya hati orang *nyeret*, senang ditinggal mati oleh ayah ibunya, karena akan menerima harta warisan.

Tersebutlah Paya besar kebutuhan nyeretnya, menghabiskan barang-barang yang ada di dalam rumah sampai tak bersisa, kemudian rumahnya dijual. Paya menggelandang, tidur di rumpun bambu.

*Telasing yatra dhumawah ing papa, boten saged nyambut damel boten pajeng suwita, pengpenganipun lajeng priman. Pawitanipun saged ura-ura, gadhah apalan sawatawis inggih ragi lowung, angsal-angsalanipun kenging kadamel tumbas candu.*

*Sarehning taksih seger kasarasan awit taksih saged anglampahi padamelan ngemis, kasupen menawi tiyang gadhah sasandhungan kenging ing suker sakit mules ngelu. Pun Paya kecandhak ing sakit weteng dening resahing tedhanipun sarta ketagihan boten saged tumbas candu, sarta boten wonten tiyang ingkang purun numbasaken candu, sakit ngaleleh wonten ing bango ambubucal rah, umedal dipun rubung ing laler boten dangu pejah dados dameling nagari.*

*Punika lalampahan sayektos, griyanipun Ki Tapraya celak kaliyan griyanipun ingkang ngangggit, kala pun Paya taksih lare umur 8 taun, dolan dipun tumbasaken (40) cemengan sarta lajeng dipun ken nyeret rinubung ing tiyang kathah, patrapipun lare ngumur 8 taun nyeret, dhasar prigel, angremenaken tiningalan.*

Setelah uangnya habis (ia) jatuh miskin. Tidak dapat bekerja, tidak laku mengabdikan. Yang diandalkan kemudian meminta-minta. Bermodal bisa nembang, mempunyai hafalan sekedarnya sudah lumayan. penghasilannya dapat digunakan untuk membeli candu.

Oleh karena masih sehat walafiat karena masih bisa menjalankan pekerjaan meminta-minta, lupa jika orang mempunyai halangan bisa terkena kotor, sakit, sakit perut, sakit kepala. Paya menderita sakit perut, karena joroknya makan, ketagihan tidak bisa membeli candu, serta tidak ada orang yang mau membelikan candu. (Ia) sakit lemas di sebuah warung, berak darah dan lendir, dikerumuni lalat, tak lama kemudian meninggal, menjadi beban negeri.

Itu kisah nyata. Rumah Ki Tapraya dekat dengan rumah penulis. Ketika Paya masih kanak-kanak, berumur 8 tahun, main dibelikan candu hitam serta kemudian disuruh nyeret, dikerumuni orang banyak. Sikap anak usia 8 tahun nyeret, tampak lihai, tampak menyenangkan

### 9. Nyeret Griyanipun Kabesem

*Wonten priyantun sugih dening agenging pamedalipun, lenggahipun siti dhusun 5 jung, ngalempak dipun palih-aken sadaya, manawi gadhu papajenganipun palihanipun saged tampi yatra 2000 rupiyah, walikanipun 1000 rupiyah dados ing dalem setaun 3000 rupiyah.*

*Padamelanipun namung sowan dinten Kamis, punika kerep pamit, caos pitung dinten sepisan. Kajawi pajeng pasisir boten mesthi sataun sapisan, awit saking kerepipun nganggur dados malah kesed, dangu-dangu kacandhak pakareman nyeret, ngebeb boten wonten kendelipun, kendel-kendel manawi sampun arip lajeng tilem. Tangi tilem wiwit nyeret malih, ngantos samendemipun.*

*Sanadyan priyantun wau; waunipun sugih, sarehning babasanipun dipun bucali inggih lajeng enggal malarat. Leng-(41)-gahipun siti dipun gantosaken utawi dipun tebasaken sampun telas sadaya.*

### 9. Nyeret Rumahnya Terbakar

Ada orang kaya karena sangat besar penghasilannya. Tanahnya di dusun 5 jung (bahu?), mengumpul, semua dikerjakan orang dengan cara bagi hasil sama rata. Kalau panen bersama nilai jual semuanya bisa laku 2.000 rupiah, separuhnya 1.000 rupiah. Jadi dalam waktu satu tahun mempunyai penghasilan sebesar 3.000 rupiah.

Pekerjaannya hanya menghadap ke istana setiap hari Kamis. Itu pun sering ijin tidak masuk. Berjaga tujuh hari sekali. Kecuali laku bertugas di pantai tidak tentu satu tahun sekali. Oleh karena seringnya menganggur, malahan menjadi malas, lama-kelamaan terkena kebiasaan *nyeret*, terus-menerus tidak pernah berhenti. Baru berhenti kalau sudah merasa mengantuk, lalu tidur. Bangun tidur mulai *nyeret* lagi hingga mabuk.

Walaupun orang tersebut semula kaya, oleh karena ibarat selalu dibuang, akhirnya segera jatuh miskin. Tanahnya digadaikan atau dijual seluruh hasilnya, sudah habis semua. Itulah yang menyebabkan



*Punika ingkang anjalari enggal mlarat dene tanpa pamedal, barang ringkes barang isining griya dalah sembet telas dipun gantosaken bur sadaya*

*Lajeng wiwit pandhapa, pringgitan, gandhok dalah pawonipun dipun sade. Olah-olah wonten ngemper griya. Regol dalah pager banonipun sampun dipun sade rumiyin, kantung griya satunggal saweg dipun abenaken kasade angebregi, selak kenging prakawis anggenipun ngetheraken kawajiban, teranging papriksan priyantun wau tetela poprok lajeng kaundur saking kalenggahanipun Mantri. Sampun saestu boten kenging winiraos susahing priyantun wau.*

*Rembagipun sade griya angebregi dipun lajengaken, angsal rembag kadadosan katumbas ing Cina ingkang sampun dipun sambuti lebetan sareman saben dinten utawi botbotan katumbas 500 rupiah.*

*Kalempaking sambutan wit dalah saremanipun ingkang kedah dipun sahi 200 rupiah (42) angsal manjer 100 rupiah, jangkepipun ingkang 200*

cepat jatuh miskin karena tanpa penghasilan. Barang ringkas, barang-barang isi rumah serta kain (pakaian) habis digadaikan, semua tidak tertebus.

Kemudian, mulai bangunan *pendapa, pringgitan, gandhok*, serta dapurnya dijual. Memasaknya di emperan rumah. Regol dan pagar batanya sudah dijual terlebih dahulu. Tinggal satu buah bangunan rumah, baru dipertengkarkan dijual roboh, keburu kena perkara karena melalaikan kewajiban. Keterangan pemeriksaan orang tersebut ternyata lemah, lalu diberhentikan dari kedudukannya sebagai *mantri*. Sudah benar-benar tidak bisa dibayangkan sedihnya orang tersebut.

Pembicaraannya menjual rumah dengan cara dirobuhkan dilanjutkan, mendapatkan penawaran, jadi dibeli oleh cina yang sudah dipinjami uang berbunga setiap hari atau hitung-hitungan pelunasan, dibeli 500 rupiah.

Jumlah pinjaman pokok beserta bunganya yang harus dilunasi 200 rupiah. Mendapat uang muka 100 rupiah. Pelunasannya yang 200

*rupiyah menawi sampun pasrahan kauningan parentah.*

*Tiyang kasusahan ingkang makaten leresipun prihatos ageng, menawi tiyang nyeret: boten kados priyantun wau ingkang dipun enget-enget badhe tampinipun arta manjer 100 rupiah.*

*Sareng sampun tampi, punapa ingkang dipun perlokaken rumiya boten sanes lajeng tumbas candu satail. Punika kekenceripun saged anentremaken manah. Mantuk saking Ngepakan wanci jam sonten, lajeng nyeret ngantos samendemipun, lajeng thukul gagasanipun artanipun 100 rupiah saweg kalong regining candu satail 14 rupiah. Malorok wonten ngajenganipun tiyang tileman dipun leker awerni rupiah sadaya. Ing tengah lekeranipun arta cepuk candu saweg kalong sakedhik badhe wewah malih 200 rupiah.*

*Pangunandikanipun: dhuwit 300 ora sathithik, yen dak gawe kulak apyun menyang Singapura ing kana tak tuku murah, ing kene dak dol larang, apese tikel, tarkadhang bisa tekuk gulung ora nganti sataun aku wis brewu. Mantri (43) iku kamukten apa mungguhing wong brewu. Dene prakara nerak laranganing Gupremen iku prakara gampang, anane wong*

rupiah kalau sudah diserahkan diketahui pemerintah.

Orang bersedih yang begitu mestinya sangat berprihatin. Kalau orang *nyeret* tidak. Seperti orang tersebut yang diingat-ingat akan menerima uang muka 100 rupiah.

Begitu sudah menerima, apa yang dipentingkan terlebih dahulu tidak lain kemudian membeli candu *setail* (...). Itu idaman yang bisa menenteramkan hati. Pulang dari *ngepakan* waktu sudah sore, lalu *nyeret* sampai mabuk. Kemudian muncul angan-angannya, uang 100 rupiah baru berkurang seharga candu satu *tail* 14 rupiah, tampak jelas di depan orang tiduran, digulung berupa uang rupiah semua. Di tengah gulungan uang terdapat *cepuk* (wadah) candu yang baru berkurang sedikit, akan bertambah lagi uang 200 rupiah.

Gumamnya: “Uang 300 rupiah itu tidak sedikit. Kalau saya gunakan untuk modal membeli *apyun* ke Singapura, di sana saya beli murah, di sini saya jual mahal, setidaknya berlipat, kadang-kadang bisa berlipat ganda, tidak sampai satu tahun saya sudah kaya raya. Kedudukan *mantri* (abdi dalem) itu kebahagiaan apa bagi orang kaya

*adol apyun kecekel banjur diukum. Iku saka bodhone dhewe ora bisa andhelikake panyimpening apyun. Yen aku mangsa bisaa kawruhan, tak dokok ing jaratan growong, tak jukuk saka sethithik bae, banjur tak tampakake marang sing arep tuku. Lung barang lung dhuwit wis ora ana prakarane maneh. Dene sing luwih perlu polisi tak sobat, apa kekurangane tak wehi sathithik-sathithik, amesthi lestari pasobatanku. Yen kacethik lakuku mongsa koluwa ngalani, aku saya anderbala polisi saya wedi marang aku. Prasadat aku dianggep lurahe.*

*Samanten ciptanipun tiyang nyeret, bilih saweg mendem kacanggih angepel jagad, kuciwanipun menawi sampun ical mendemipun anglempuruk kados kapuk. Wangsul ketagihan lajeng nyeret malih santun gagasan.*

*Kasusahanipun ingkang mentas sinandhang sampun sirna dening gagasan salebetipun mendem (44). Tiyang mendem tike: mumet boten sakit, awakipun kados dipun bandul,*

raya. Adapun masalah melanggar larangan Gupremen itu masalah mudah. Adanya orang menjual *apyun* tertangkap lalu dihukum, itu karena bodohnya sendiri, tidak bisa menyembunyikan penyimpanan *apyun*. Kalau saya mana mungkin bisa ketahuan. Saya taruh di makam berlobang, saya ambil sedikit demi sedikit saja, lalu saya terimakan kepada yang akan membeli. Serah barang serah uang, sudah tidak ada perkaranya lagi. Adapun yang lebih penting, pulisi saya rangkul, apa kekurangannya saya beri sedikit-sedikit, pasti abadi persahabatanku. Kalau tersandung masalah perjalananku, mana mungkin tega bersikap buruk. Saya semakin kaya, pulisi semakin takut padaku, ibarat aku dianggap atasannya”.

Sebegitu angan-angan orang *nyeret*. Jika sedang mabuk mampu menggenggam alam semesta. Sayangnya kalau sudah hilang mabuknya, lunglai seperti kapuk. Kembali ketagihan, lalu nyeret lagi, ganti angan-angan.

Kesusahan yang baru saja dialami sudah lenyap oleh angan-angan semasa mabuk. Orang mabuk *tike*, pusing tidak sakit. Badannya seperti diayun-ayun,

*mripat merem boten saged tilem, awak saha sirah kraos gatel. Tanganipun tansah wikwikan, utawi kukur-kukur, saking gerah uyang tangan boten saged kendel.*

*Priyantun wau sampun mëndêm anggenipun nyeret lajêng damêl colok kangge anyalomodi lêmüt ingkang mencok wonten ing klambu patileman. Saking weyanipun kelambu keslomot ing colok, murub akantar-kantar, latu dhawah ing kasur mubal anyalet gebyog anglanjak dhateng payon sirap. Sami sanalika dados karang abang ludhes griya satunggal, rahayu boten saged nular dhateng tongga, dening kathahipun tiyang tandang tulung taksih sonten wancinipun tiyang nedha. Kocapa priyantun wau ingkang kamanah namung icaling candu yatanipun sami katut kabesem.*

*Cina ingkang potang boten siyos anjangkepi panumbasing griya kirang 200, dening griya sampun kobong, namung narimah angsal pemahan punika: karta ajinipun (45) 100 rupiyah, manjing yatra ingkang sampun dipun tampeni.*

*Priyantun wau kesah saking ngriku,*

mata terpejam tidak bisa tidur, badan dan kepala terasa gatal. Tangannya senantiasa menggaruk-garuk karena sangat tidak nyaman sehingga tangan tidak bisa berhenti.

Orang tersebut sudah mabuk dalam nyeret-nya, lalu membuat obor untuk menyulut nyamuk yang hinggap di tirai tempat tidur. Karena begitu cerobohnya, tirai tersulut obor, menyala menjilat-jilat, api jatuh di kasur, berkobar membakar dinding kayu, menggapai ke atap rumah yang berupa sirap. Seketika menjadi lautan api, satu rumah habis. Untungnya tidak bisa merembet ke tetangga, karena begitu banyak orang yang bertindak menolong sebab masih sore, saatnya orang bersantap malam. Tersebutlah orang tersebut yang difikirkan hanyalah hilangnya candu dan uang yang ikut terbakar.

Cina yang memberi hutang tidak jadi menggenapi uang pembelian rumah yang kurang 200 rupiah, karena rumah sudah terbakar. Dia menerima mendapatkan tanah pekarangannya yang dihargai 100 rupiah, masuk dalam uang yang sudah diterimakan.

Orang tersebut pergi dari tempat

*mondhok ing griyanipun sanak-sadherek, ngolah-ngalih pundi ingkang dipun senengi. Nanging sarehning gadhah pakareman nyeret, awis ingkang purun numbasaken, wusana kecandhak ing sakit weteng, ambubucal rah umbel, antawis 8 dinten pejah dados dameling sanak sadherek.*

*Kathah lalampahanipun tiyang nyeret ingkang dhawah sangsara, punapa kenging dipun kapengini. Suprandosipun kathah ingkang kagiwang manahipun remen nyeret, dening musthikaning kebul ing ngalam donya namung kebuling candu ingkang eca piyambak.*

#### **10. Priyagung Wadana Kaliwon Sarta Priyayi Panewu Mantri: Nyêret**

*Sanajan nagari sampun andhawuhakên parentah kênceng, para abdi dalêm agêng alit kaawisan botên kenging nyêret. Ewadene abdi dalêm wadana Kaliwon, Panewu Mantri sasaminipun kathah ingkang anggadhahi pakarêman nyêret. Inggang kathah abdi dalêm Jawi, dening kêngangguren (46) kathah pamêdalipun, menawi nuju jagi nagari (caos) wontên pasowan Kapal an ing*

itu, menumpang di rumah sanak saudaranya, berpindah-pindah ke mana yang disukai. Namun oleh karena mempunyai kegemaran *nyeret*, jarang yang mau membelikan. Akhirnya terkena sakit perut, berak darah dan lendir, kira-kira 8 hari meninggal, menjadi beban sanak saudara.

Banyak kisah orang *nyeret* yang jatuh sengsara. Apa (itu) bisa diimpikan. Namun begitu banyak yang tergiur hatinya suka *nyeret*, karena rajanya asap di dunia hanya asap candu yang paling enak.

#### **10. Pejabat Tinggi Wadana Kaliwon dan Pejabat Panewu Mantri: Nyêret**

Walaupun negara sudah memerintahkan perintah keras, para *abdi dalem* (pejabat kerajaan) besar kecil dilarang, tidak boleh *nyeret*, namun begitu pejabat Wadana Kaliwon, Panewu Mantri, dan lain sebagainya banyak yang mempunyai kegemaran *nyeret*. Yang banyak pejabat luar, karena terlalu banyak menganggur, penghasilannya banyak. Kalau saat

*ngalun-alun ler, nganggur kemawon.*

*Dangu-dangu ngantuk lajêng ngaso  
dhatêng Gêdhong : tilêm, punika ingkang  
murugakên dados nyêret, tinimbang tilem  
sae mawi cagak lênggah: nyêret dede  
jampi sayah, jampi mênawi mangke  
sayah sak sampuna ajajampi rumiyin.  
Punapa punika ingkang nama babasan:  
pupur sadurunge bênjut.*

*Sarehning awisan kêncêng, mênawi  
nyêret wontên ing griya: umpêtan, botên  
kasumêrêpan ing tiyang, kadangu ing  
parentah: mungkir. Dados anggenipun  
dhêlikan nyêret botên nate konangan ing  
Parentah, nanging warnanipun sampun  
martandhani yen nyêret lambe biru, yen  
watak ngêdalakên riyak. Warninipun  
cumut-cumut, dening botên nate adus.  
Untu pêthak anggadhu dening boten nate  
nginang. Inkang tresna asih dhateng  
badanipun, namung anak bojonipun  
piyambak, punika manawi taksih  
kasamêktan. Nanging manawi*

berjaga di kerajaan (*caos*) di sidang  
penghadapan dengan mengendarai  
kuda di alun-alun utara hanya  
menganggur.

Lama kelamaan mengantuk lalu  
beristirahat di gedung tempat tidur.  
Itulah yang menyebabkan menjadi  
*nyeret*. Daripada tidur lebih baik  
menggunakan penghilang mengantuk  
untuk menjaga agar tahan duduk. Jadi  
*nyeret* bukan sebagai pengobat capek,  
melainkan obat barangkali nanti akan  
merasa capek, untuk berjaga-jaga  
berjamu (*nyeret*) terlebih dahulu. Apa  
itu yang disebut peribahasa “sedia  
payung sebelum hujan”.

Oleh karena larangan keras, kalau  
*nyeret* di rumah, bersembunyi, tidak  
diketahui orang, ditanya oleh  
pemerintah, tidak mengaku. Jadi dalam  
perbuatannya *nyeret* secara sembunyi-  
sembunyi tidak pernah ketahuan oleh  
pemerintah. Tetapi raut mukanya  
sudah menunjukkan, kalau *nyeret*  
bibirnya biru, kalau batuk  
mengeluarkan dahak. Raut wajahnya  
kusut, karena tidak pernah mandi. Gigi  
putih menggantung karena tidak  
pernah makan sirih. Yang mencitai dan  
menyayangi dirinya hanyalah anak

*kacingkrangan inggih dipun cantên awon, tega kasarakatipun anak bojo (47).*

*Wadana Kaliwon ingkang kakarsakakên ing parentah tumut nyêpêng paprentahan. Sarehning unduripun sowan ing wanci sonten kêrêp katamuwan para agung sarta para Tuwan ingkang nawung pêrlu, akalipun supados botên kapintên anggenipun nyêret. Ethok-ethok sêmbayang, Mahrib dumugi Ngisa ngêbêb nyêret wontên ing Gedhong Pasalatan, dipuna wadakên sawêg sêmbayang, jam 8.00 sawêg mêdal dhateng pandhapa nampeni têtamu.*

*Tamu inggih lajêng sumêrêp mênawi mriku kédah jam 8 sontên, sanadyan para Tuwan ingkang dhatêng, yen dhatêngipun jam 5, 6, 7 inggih dipun wangsulakên, utawi dipun aturi ngentosi ngantos jam 8, awit praya gung wau sawêg kapambêng sêmbayang<sup>8</sup>.*

istrinya sendiri, itupun kalau masih ada persediaan. Namun kalau sudah berkekurangan juga dibicarakan jelek, tega terhadap kesengsaraan anak istri.

Pejabat Wadana Kaliwon yang diinginkan pemerintah turut memegang tata pemerintahan. Oleh karena kembalinya dari penghadapan pada waktu sore hari, sering kedatangan tamu para pejabat tinggi serta para pembesar yang mempunyai kepentingan. Akalnya agar tidak terlantar keinginannya untuk *nyeret*, berpura-pura melakukan sembahyang. Magrib sampai Isya menikmati *nyeret* di gedung tempat shalat, dikatakan sedang sembahyang. Pukul 20.00 baru keluar ke pendapa menemui tamu.

Tamu kemudian mengetahui kalau datang ke tempat pejabat tersebut harus pukul 08.00 sore. Walaupun para pejabat tinggi Belanda yang datang, kalau datangnya jam 5, 6, 7 juga dikembalikan, atau disuruh menunggu sampai jam 8, karena para pejabat tinggi tersebut sedang

<sup>8</sup>) ngendelaken sembayang boten kening, punika kalebet papacuh ing agami, sanadyan karawuhan panjenengan ratu,. Sang ratu kedah ngentosi sabbakdaning sembahyang.

*Dangu-dangu inggih lajêng misuwur  
 yen sêmbayang Mahrib dumuginipun  
 Ngisa punika sayêktosipun nyêret. Dados  
 nama awon wau saking pandamêlipun  
 piyambak. Prayagung Wadana Kaliwon  
 mênawi namung kagungan pakarêman  
 nyêret botên (48) dados malarat. Malah  
 wontên ingkang sugih, dening agênging  
 pamêdalipun wah botên kagungan  
 pakarêman liya. Nanging risaking sarira,  
 mêsthi. Tarkadhang botên sagêd yuswa  
 panjang. Dene priyayi Panewu Mantri  
 kathah ingkang kasarakat, dening  
 pamêdalipun botên nyêkapi. Risaking  
 badan: boten sanes. Sarehning kaca  
 bênggala botên kirang punapa lêstantun  
 botên mawi kaca kemawon.*

ada keperluan sembahyang.  
 (Meninggalkan sembah-yang tidak  
 boleh, itu termasuk larangan agama.  
 Walaupun didatangi sang raja, sang  
 raja harus menunggu selesainya  
 sembahyang).

Lama-kelamaan juga kemudian  
 terkenal kalau salatnya magrib sampai  
 dengan Isya itu sesungguhnya *nyeret*.  
 Jadi nama buruk tersebut dari  
 perbuatannya sendiri. Pejabat tinggi  
 Wadana Kaliwon kalau hanya  
 mempunyai kegemaran *nyeret* tidak  
 menjadi miskin. Malahan ada yang  
 kaya karena besarnya penghasilan dan  
 tidak memiliki kegemaran lain. Namun  
 rusaknya badan, pasti. Kadang-kadang  
 tidak bisa berumur panjang. Adapun  
 pejabat Panewu Mantri banyak yang  
 kekurangan, karena penghasilannya  
 tidak mencukupi. Rusaknya badan  
 tidak berbeda. Oleh karena suri  
 tauladan tidak kurang apa dilestarikan  
 tidak perlu ada suri tauladan.



**11. Priyayi nyêret rabi bakul sugih, dados cilaka. Bakul sugih gemi nastiti dipunwarahi nyeret ugi dados cilaka. Lalampahanipun kados ing ngandhap punika.**

*Tiyang bêbojowan priyayi angsal bakul sugih, pun priyayi pados bokongan kasaidipun anggenipun lumampah ing damêl. Bok bakul pados nama kapengin sinêbut Bok Mas Bei.*

*Priyayi punika nyêret, nanging kadamêl wados. Mbok bakul ngantos katambêtan boten (49) sumêrêp yen ingkang jalêr nyêret. Upami sampuna sumêrêp amêsthi botên purun dipun rabeni ing tiyang nyêret, awit gething sangêt dhatêng tiyang nyêret.*

*Priyayi punika ngantos rumaos kawêken anggenipun badhe mintêri dhatêng engkang estri. Boten suka dipun tedhani yatra ingkang botên tumonja, langkung malih upami balaka badhe kadamêl kangge tumbas candu. Kajawi mêsthi botên angsal inggih ugi badhe adamêl congkrah anggenipun bobojowan, ciptanipun: kapriye akalku bisane bojoku milu nyêret, awit yen bisa tunggal*

**11. Orang Nyeret Menikahi Pedagang Kaya, Menjadi Celaka. Pedagang Kaya Hemat Cermat Diajari Nyeret juga Menjadi Celaka. Kisahnya seperti di bawah ini.**

Orang berumah tangga *priyayi* (pejabat) mendapatkan pedagang kaya. Sang pejabat mencari dukungan tercukupinya (kebutuhan) dalam menjalankan pekerjaan. Ibu pedagang mencari nama ingin disebut *Mbok Mas Bei*.

Pejabat tersebut *nyeret*, tetapi dibuat rahasia. Ibu pedagang sampai tidak tahu, tidak mengetahui kalau suaminya *nyeret*. Seandainya sudah mengetahuinya pasti tidak mau dinikahi orang *nyeret*, karena sangat benci dengan orang *nyeret*.

Pejabat tersebut sampai kesulitan dalam usahanya untuk membodohi istrinya. Tidak mau dimintai uang yang tidak bermanfaat. Apalagi kalau berterus terang akan dipergunakan untuk membeli candu. Di samping pasti tidak boleh, juga akan menyebabkan percekocokan dalam kehidupan rumah tangganya. Angan-angannya: “Bagaimana caraku agar

*pakareman amêsthi ngamale dadi ing sakarêpku. Aku mari dipanci kaya kang uwis. Mari mati mung sêga iwak panganan satenong, pakempese candu isih golek dhewe nanyak-nanyak, dadi uripku dadi priyayi rabi wong sugih: tanpa gawe, Awit isih kawêngku ing bojo.*

*Kacariyos Mbok bakul sakit ragi rêkaos, ngaleleh tilêm ing kasur dipun tengga semahipun wontên ing ulon-ulon, katingal marma kaliyan nyeret. Têmbungipun (50) kadamêl cagak lênggah sampun ngantos tilêm, kaliyan ngêbuli saking ngiringan. Bok bakul karos sakeca dipun kebuli, lês sagêd tilêm. Sarêng nglilir nedha dipun kêbuli malih, inggih lajêng dipun kêbuli.*

*Têmbungipun: “coba akêpana sajêblisan, rong jêblisan bae, iku ngungkuli sing nganti kêplêkên. Karosa têmêne aku wis awor. Aja awêdi kowe, lan perlu mikir nuline waras awakmu. Wis ora tak sêreti, watir yen mutah”.*

*“Napa tike niku mêngdemi”?*

istriku bisa ikut *nyeret*. Sebab kalau bisa sama dalam kegemaran pasti (penggunaan) hartanya menjadi semauku. Aku berhenti dijatah seperti yang sudah. Selalu hanya nasi, daging, makanan satu tenong (nampan). Kebutuhan candu masih mencari sendiri pontang-panting. Jadi, hidupku menjadi pejabat beristri orang kaya, tak berguna, sebab masih dikuasai istri.

Tersebutlah ibu pedagang sakit agak parah, lemas, tidur di kasur ditunggu suaminya di sampingnya. Tampak sabar sambil *nyeret*. Katanya untuk mencegah rasa mengantuk agar tidak tertidur, seraya mengasapi (istrinya) dari samping. Ibu pedagang merasa nyaman diasapi, seketika terlelap bisa tidur. Begitu terbangun minta diasapi lagi, juga lalu diasapi.

Kata sang suami: “coba kau hirup, satu letupan atau dua letupan saja. Itu melampaui yang sampai kebanyakan asap. Dan lagi sesungguhnya saya sudah bosan. Jika tidak karena takut padamu dan perlu memikirkan agar kamu segera sembuh, sudah tidak saya *sereti*, khawatir kalau muntah”.

“Apa rokok candu itu membuat mabuk”?

*“Nek akeh, balik mung sêthithik malah dadi tomba pêrmati”.*

*“Mangke kula sêreti: gek nyakot”?*

*“Kok kaya asu: galak. Iku rak kandhane wong kang gêthing marang wong nyêret, aku iya kêrêp calathu mangkono. Satêmêne mung tak gawe mêmêdeni bae, karo aku mongsa aweha yen kowe nyêret. Nya, ukêpana sajêblisan, rong jêblisan bae, glintirane wis tak gawe cilik-cilik, kêbule sathithik. Ulunên (51) salong wêtokna, aja kêsusu, sing sareh bae nek kêsêlak”.*

*Mbok Bakul lajêng nyêret miturut piwulangipun ingkang jalêr, rumaos saya entheng badanipun, beda sangêt kaliyan dipun kêbuli. Ing sontênipun malih sampun dipun cepaki dhatêng ingkang jalêr, inggih lajêng nyêret kados ingkang sampun. Salajêngipun salêbete sakitipun dereng saras, sabên sontên nyêret. Mbok bakul saupami boten dipun sêreti sampun kêtagihan, dados inggih sampun nyakot nyêret.*

*Wicantênipun ingkang estri; Mas Bei, sing mang damêl tumbas candu salêbete kula sakit, yatrane sintên?”*

“Kalau banyak. Sebaliknya, kalau hanya sedikit malahan menjadi obat yang mujarab”.

“Nanti saya *sereti* jangan-jangan menggigit”.

“Kok seperti anjing, galak. Itu kan kata orang yang benci kepada orang *nyeret*. Saya juga sering berkata begitu, sesungguhnya hanya saya maksudkan untuk menakut-nakuti saja. Mana mungkin saya mengizinkan kamu *nyeret*. Ini, hiruplah satu letupan atau dua letupan saja. Butirannya sudah saya buat kecil-kecil, asapnya sedikit. Telanlah, sebagian keluarkan. Jangan tergesa-gesa, perlahan-lahan saja, barangkali tersedak.

Ibu pedagang kemudian *nyeret* mengikuti ajaran suaminya, merasa semakin ringan badannya, sangat berbeda dengan diasapi. Pada sore harinya sudah disediakan lagi oleh suaminya. Juga lalu *nyeret* seperti yang sudah. Selanjutnya, selama sakitnya belum sembuh, setiap sore *nyeret*. Bu pedagang seandainya tidak disereti sudah ketagihan, jadi juga sudah kecanduan *nyeret*.

Kata istrinya: “Mas Bei, yang kaubuat untuk membeli candu selama saya sakit, uang siapa?”.

*Ali-alimu olan-olan tak gadhekake 50 rupiyah, tak gawe aweh dhukun, utawa patukon cagak linggih sing padha ngeleki kowe ana pandhapa.*

*Saupami dereng nyakot nyêret amêsthi lajêng nêpsu, supenipun olan-olan dipun gantosakên, punika boten. Malah aken tumbas candu ingkang kathah.*

*Tembungipun; “Angsal mang tumbas candu: icir?, saumpling-saumpling (52) niku rak murugake boros. Napa botên ontên tumbas sing radi kathah, sagêd angsal mirah”.*

*“Yen tuku nyang Ngêpakan sing tailan ora ana, mung umplingan sing ana, rêga sakêthip rong kêthip, patang kêthip wolung kêthip. Sing patang umpling dadi siji umplinge iya gêdhe”.*

*“Sing tailan niku pundi?”.*

*“Tuku pêtêng, sing adol Cina totogan, satail rêga 16 rupiyah. Iku luwih enak lan luwih murah tinimbang lan candu Ngepakan.”*

*“Tumbas pêtêng napa boten diawisi?”*

“Cincinmu yang berbentuk ular saya gadaikan 50 rupiah. Saya gunakan untuk memberi upah dukun atau pembelian pencegah rasa ngantuk bagi orang yang tidak tidur, menungguimu di pendapa.”

Seandainya belum nyandu *nyeret* pasti langsung marah, cincinnya yang berbentuk ular digadaikan. Ini tidak. Malahan menyuruh membeli candu yang banyak.

Katanya: “Kamu membelinya candu eceran?, satu umpling-satu umpling?. Itu kan membuat boros. Apa tidak ada membeli yang agak banyak, bisa dapat harga murah?”

“Kalau membeli di Ngepakan yang kemasan *tail* tidak ada. Hanya kemasan *umpling* yang ada. Harganya satu ketip (10 cen), dua ketip (20 cen), empat ketip (40 cen), delapan ketip (80 cen). Yang kemasan 4 *umpling* dijadikan satu, *umplingnya* juga besar.”

“Yang kemasan tailan itu di mana?”

“Membeli secara gelap, yang menjual Cina di ujung. Satu tail harganya 16 rupiah. Itu lebih enak dan lebih murah dibandingkan candu di Ngepkan”

“Membeli gelap apa tidak dilarang?”

*“Nek konangan iya dilarangi, apa wong tuku candu pêtêng dadak dietheng-ethengke. Digégêm bae cêpuk sapira gedhene, sing wêruh sapa”.*

*“Mang tumbas sing tailan mawon, mirah raose eca, tose”.*

*“Dhasar iya. Mêngko tak kongkonan tuku”.*

*Mantunipun sakit Mbok Bakul sampun agêng sêretipun. Saya rukun anggenipun bobojowan (53) yatranipun boten owêl-owêlên kadamêl tumbas candu, ananging botên dangu kasugihanipun dhadhal. Anggenipun babakulan kêndho, wiwit botên pinitados ing juraganipun, deneng kêrêp anyidra janji, wusana botên dipun andêl.*

*Mbok Bakul rêmbagan kaliyan ingkang jalêr. Tembungipun; dos pundi Mas Bei, sakniki kula boten dipitados kalih juragan kula. Botên suka bêta dagangan mêlih yen papajêngane dagangan sing kriyin dereng dibayar lunas”.*

*“Wong bakul wade iku kêsuwen payune tur bathine ora mingsra. Satêmêne aku ora mathuk. Yenta aku duweya pawitan dhemen kulak apyun*

*“Kalau ketahuan ya dilarang. Apa orang membeli candu gelap mesti ditenteng diperlihatkan banyak orang?. Digenggam saja, cepuk, seberapa besar. Siapa yang tahu?”*

*“Kau beli yang kemasan tailan saja, murah, rasanya enak, katanya”.*

*“Memang iya. Nanti saya menyuruh orang membeli”.*

*Ketika sembuh dari sakit, ibu pedagang sudah besar kegemaran nyeret-nya. Semakin rukun dalam berumah tangga. Uangnya tidak sayang untuk membeli candu. Akan tetapi tidak lama kemudian kekayaannya habis. Semangat berdagangnya melemah. Mulai tidak dipercaya oleh juragannya, karena sering mengingkari janji, akhirnya tidak dipercaya lagi.*

*Ibu pedagang berembug dengan suaminya. Katanya: “Bagaimana Mas Bei. Sekarang saya tidak dipercaya oleh juragan saya. Tidak dibolehkan membawa dagangan lagi jika uang hasil penjualan dagangan yang dulu belum dibayar lunas.”*

*“Orang berdagang kain itu terlalu lama lakunya, lagi pula untungnya tidak seberapa. Sesungguhnya saya tidak setuju.*

*mênayang Juwana. Bathine tikêl têtuk gulung gêlis êntek. Rong unggahan telung unggahan bae yen pawitane akeh wis bisa sugih andebala.”*

*“Gek kesah.Pintên pawitane”.*

*“Sathithike sewu, gedhene rong sewu”.*

*“Kula botên sagêd yen pados sambutan sêmontên.” (54)*

*“Mesthi bae ora oleh.Utang dhuwit samono arêp digawe apa. Kondha satêmêne, sing duwe dhuwit; iba olehe girap-girap. Yen kowe bisa nyewa barang bae sing pangaji 5000. Arêp diênggo panganten banjur digadhekake. Playon rong ewu iya-payu”.*

*“Kula yen nyewa mawon sagêd, nanging kédah mawi sérat pratondha dicapi”.*

*“Iku prakara gampang, tak gawekake pratandha muni kowe sing nyewa, tak tanggung”.*

*Kalampahan Mbok bakul nyewa pangangge panganten dhatêng Nyonyah Gendhon, pangaos 5000 rupiah. Lajêng dipun gantosakên dhateng Nyonyah Samiel pajeng 2500*

Seandainya saya mempunyai modal lebih senang membeli apyun ke Juwana. Untungnya berlipat ganda, cepat habis. Dua angkatan atau tiga angkatan saja jika modalnya banyak sudah bisa kaya raya.

“Segera pergilah. Berapa modalnya?”.

“Sedikitnya seribu rupiah, besarnya dua ribu.”

“Saya tidak bisa kalau mencari pinjaman segitu.”

“Tentu saja tidak boleh. Pinjam uang segitu akan digunakan untuk apa? Berkata sebenarnya, yang punya uang, betapa ketakutannya. Jika kamu bisa menyewa barang saja yang seharga 5000, akan digunakan untuk pengantin lalu digadaikan, dengan cepat dua ribu juga laku.”

“Saya kalau menyewa saja bisa. Tetapi harus menggunakan surat bertanda dengan cap.”

“Itu masalah mudah. Saya buat surat bertanda cap menyatakan kamu yang menyewa, saya yang menanggung.”

Jadilah ibu pedagang menyewa pakaian pengantin kepada Nyonya Gendon, seharga 5000 rupiah. Kemudian digadaikan kepada Nyonya Samiel laku 2500 rupiah.

*rupiah. Yatra katampekakên dhatêng ingkang jalêr sadaya.*

*Kalampahan priyantun wau kilak apyun dhateng Juwana, ambêkta rencang tiyang sakawan. Lêstantun lampahipun dumugi ing Juwana. Sarêng sampun bayaran sarta tampi barang<sup>9</sup>. (55) lajêng bidhal mantuk lumampah dalu. Wontên ing margi kapêthuk priyantun Pulisi rundha. Dipun pitakeni anggragap badhe lumajêng, pulisi tranginas, tiyang gangsal sami kacêpêng sadaya. Kapalanipun ngakên priyantun Mantri; botên dipun andêl, inggih dipun tangsuli kados ingkang kathah-kathah. Bêbêktanipun kagledhah ambêkta apyun pêtêng. Prakawis lumados dhatêng Samarang amargi kacêpêngipun sampun wontên bawah Semarang, prakawis kaurusakên, pasakitan dipun kunjara.*

*Mbok Bakul enggal mirêng pawartos yen ingkang jalêr kabilaen, kacêpêng wontên margi sapunika kakunjara wontên ing Semarang. Nanging botên sagêd manah prakawisipun ingkang jalêr awit awakipun piyambak kalêbêt ing prakawis. Kadakwa ngapusi barang nyewa gadhahanipun Nyonyah Gendon pangawis 5000 rupiah kados*

Uang diterimakan kepada suminya semua.

Terlaksanalah orang tersebut membeli apyun ke Juwana, membawa teman empat orang. Selamatlah perjalanannya sampai di Juwana. Begitu sudah membayar dan menerima barang, lalu kembali pulang, berjalan pada malam hari. Di jalan berjumpa dengan pejabat pulisi ronda. Ditanya grogi akan lari. Pulisi sigap, orang lima ditangkap semua. Pimpinannya mengaku pejabat mantri, tidak dipercaya, juga diikat seperti kebanyakan. Barang bawaannya digeledah, membawa apyun gelap. Perkara diserahkan ke Semarang sebab tetangkapnya sudah di wilayah Semarang. Perkara diselesaikan, terdakwa dipenjara.

Ibu pedagang segera mendengar berita bahwa suaminya menemui halangan, tertangkap di jalan, sekarang dipenjara di Semarang. Tetapi tidak bisa memikirkan perkara suaminya sebab dirinya sendiri terkena perkara, didakwa menipu barang sewaan milik Nyonya Gendon seharga 5000 rupiah, seperti yang di atas tadi.

<sup>9</sup>. Barang tembung ingsun tiyang dagang apyun peteng, tegesipun apyun

*ing nginggil wau.*

*Mbok Bakul kalêbêt ing kunjara, prakawis tumindak wontên ing pradata. Karampunganipun Mbok Bakul katêtêpaken dosa ngapusi, kapatrapan paukuman nyambut damêl paksa tanpa karante laminipun 5 taun. (55) Nyonyah Gendhon mênawi ngudi wangsuling barangipun, kalêrês nèbus dhatêng Nyonyah Samiel.*

*Ingang jalêr karampungan wontên ing Sêmarang, kapatrapan paukuman nyambut damêl paksa tanpa karante laminipun sataun, sarta kadhêndha saha karampas apyunipun, tuwin ambayar wragading prakawis. Sangunipun kabêskup kangge ambayari dhendhan sarta wragading prakawis wau. Rencangipun tiyang sakawan kapatrapan paukuman nyambut damêl paksa tanpa karante laminipun nyawulan.*

*Sarêng kauningan ing parentah yen priyantun wau kenging prakawis wontên Semarang sarta anglampahi paukuman nyambut damêl paksa, kapocot saking kalêngahanipun.*

*Lah punika bathinipun tiyang gadhah pakarêman nyeret, bakul sugih dados malarat. Tombok awakipun dados tiyang ukuman. Priyantun rabi bakul sugih dipun pocot, tombok*

Ibu pedagang dimasukkan di penjara. Perkara berjalan di perdata. Diselesaikan, diputuskan bersalah menipun, dikenai hukuman kerja paksa tanpa dirantai selama 5 tahun. Nyonya Gendon jika ingin barangnya kembali harus menebus kepada Nyonya Samiel.

